

**KRITIK SOSIAL WONTEN ING NOVEL “KORI WUS TINARBUKA”
ANGGITANIPUN MM. SRI HARYANTI, S.S. (ANALISIS SOSIOLOGI
SASTRA)**

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta minangka Jejangkeping Pandadaran
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



Dening :

Yessi Fatika Sari

NIM 16205244021

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

2020

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Kritik Sosial wonten ing Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S.(Analisis Sosiologi Sastra)* menika saged angsal palilah saking *Pembimbing* supados dipunujikaken ing pandadaran.



Yogyakarta, 27 Juni 2020



Pembimbing

Dr. Afendy Widayat, M.Phil.
NIP. 19620416 199203 1 002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Kritik Sosial wonten ing Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S. (Analisis Sosiologi Sastra)*. menika sampun dipunadharaken wonten ing pandadaran nalika tanggal 08 Juli 2020 salajenipun katetepaken lulus.


DEWAN PENGUJI

Nama	Jabatan	Tanda Tangan	Tanggal
Dr. Afendy Widayat, M.Phil.	Ketua Penguji		07.08-2020
Sri Hertanti Wulan, S.Pd., M.Hum.	Sekretaris Penguji		07-08-2020
Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.	Penguji Utama		07-08-2020



Yogyakarta, 08 - 08 - 2020

Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta



Dekan,
Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum
NIP. 19621008 198803 2 001

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula :

Nama : Yessi Fatika Sari

NIM : 16205244021

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Medharaken bilih skripsi menika damelan kula piyambak. Sapangertosan kula, wosing skripsi menika beda kaliyan skripsi ingkang sinerat dening tiyang sanes, kajawi bab tartamtu ingkang kula pundhut kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha etika panyeratanipun. Manawi wedharan menika kabukti boten leres, dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 27 Juni 2020
Panyerat,

Yessi Fatika Sari

SESANTI

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

وَأَن لَّيْسَ لِلْإِنسَانِ إِلَّا مَا سَعَىٰ (QS. 53:39)

lan manungsa menika namung angsal menapa ingkang sampun dipunusahakaken.

and that there isn't for human except that [good] for which they strives.

dan bahwa manusia hanya memperoleh apa yang telah diusahakannya.

PISUNGSUNG

Alhamdulillah, puji syukur dhumateng ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Kuwaos. Skripsi kanthi irah-irahan, “*Kritik Sosial wonten ing Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S.(Analisis Sosiologi Sastra.)*”

menika kula pisungsungaken dhateng :

Tiyang sepuh kula, Bapak Sigit Purwanto saha Ibu Zuliyanti, ingkang sampun paring donga pangestu, pambiyantu, motivasi, saha raos katresnan ingkang boten winates, satemah skripsi menika saged paripurna.

Alm. Simbah saha Budhe kula, Alm. Ibu Kasidah, Alm. Bapak Adi Ngatimin, saha Ibu Suratmiyati, ingkang sampun ngrimat kula wiwit kula taksih lare dumugi diwasa saengga kula saged lulus saking Universitas Negeri Yogyakarta.

Adhi kula, Fadly Irfansyah ingkang sampun paring raos seneng saengga kula semangat anggenipun ngrampungaken panaliten punika.

PRAWACANA

Puji syukur tansah kula aturaken dhumateng Gusti Allah ingkang tansah paring berkah, rahmat, saha hidayah dhateng panyerat, satemah skripsi kanthi irah-irahan, “*Kritik Sosial wonten ing Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S.(Analisis Sosiologi Sastra)*” menika saged kawujudaken kanthi lancar saha perkawis ingkang dados ribeting panaliten saged kalampahan. Panaliten menika saged kawujud awit saking panyengkuyung mapinten-pinten pihak, mila panyerat ngaturaken agunging panuwun wiwit purwaka dumugi pungkasaning skripsi punika. Kanthi raos ingkang tulus panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng Bapak Dr. Afendy Widayat, M. Phil., minangka *dosen pembimbing skripsi* ingkang sampun paring piwulang, pangestu, saha semangat dhateng panyerat. Panyerat ugi ngaturaken panuwun dhateng :

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd., minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta.
2. Ibu Dr. Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum., minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni.
3. Bapak Dr. Afendy Widayat, M.Phil., minangka pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah saha dosen pembimbing skripsi.
4. Ibu Avi Meilawati, S.Pd, M.A., minangka penasehat akademik ingkang sampun paring pitutur sadangunipun kuliah.
5. Bapak-Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh, piwulang, saha pitutur ingkang murakabi dhateng panyerat.
6. Staf Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu administrasi perkuliahan dhateng panyerat.
7. Bapak Sigit Purwanto saha Ibu Zuliyanti minangka tiyang sepuh ingkang sampun paring donga pangestu saha sih katresnan.
8. Budhe Surat, Pakde Sujak, Bulik Ngadinah, Simbah Bonikem, saha adhi kula Fadly Irfansyah ingkang sampun paring semangat saha pandonga.
9. Ani, April, Umi, Erlin, Tita, Kurnia, Wahyuni, Dwi, kanca-kanca *kelas C 2016* Paguyuban Candra Yuwana, saha sedaya kanca-kanca saking Jurusan

Pendidikan Bahasa Daerah 2016 ingkang sampun paring panjurug, semangat, saha pambiyantu saengga panyerat saged mujudaken skripsi menika.

10. Annis, Asvi, Mbak Dika, Mbak Zizi, Kak Yum, Mas Ilyas, saha kanca-kanca KKN UNY G-006 ingkang sampun paring semangat saha panjurug dhateng panyerat.
11. Sedaya pihak ingkang boten dipunsebataken, ingkang sampun paring pandonga, pambiyantu, saha panjurug dhateng panyerat saking wiwitaning pandamelan skripsi punika dumugi pungkasan.

Panyerat rumaos bilih *skripsi* menika taksih dereng sae saha jangkep, ugi taksih tebih saking tembung sampurna. Pramila panyerat ngaturaken agunging panuwun awit sedaya panyaruwe ingkang saged damel *skripsi* menika langkung sae, jangkep, saha sampurna.

Wasana kanthi raos andhap asor panyerat mungkasi pandamelan skripsi menika sinaosa dereng sampurna. Panyerat ugi gadhah pangajab mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap sedaya tiyang.

Yogyakarta, 27 Juni 2020
Panyerat,

Yessi Fatika Sari

PRATELAN ISI

IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN.....	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI.....	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA.....	vii
PRATELAN ISI.....	ix
PRATELAN TABEL.....	xi
PRATELAN LAMPIRAN.....	xii
SARINING PANALITEN	xiii
BAB I PURWAKA.....	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	4
C. Watesaning Perkawis	4
D. Wosing Perkawis	5
E. Ancasing Panaliten.....	5
F. Paedahing Panaliten	6
BAB II GEGARAN TEORI	8
A. Sastra.....	8
B. Sosiologi Sastra.....	9
C. Novel.....	11
D. Kritik Sosial Saha Jinisipun	13
1. Kritik Sosial Perkawis Moral	14
2. Kritik Sosial Perkawis Pendhidhikan.....	16
3. Kritik Sosial Perkawis Kaluwarga	17
4. Kritik Sosial Perkawis Agama	20
5. Kritik Sosial Perkawis Ekonomi	21
6. Kritik Sosial Perkawis Budaya	22
E. Panaliten ingkang Jumbuh	24

BAB III CARA PANALITEN.....	26
A. Jinising Panaliten	26
B. Data saha Sumber Data	26
C. Caranipun Ngempalaken Data	27
D. Pirantining Panaliten	27
E. Caranipun Ngesahaken Data Panaliten	29
F. Caranipun Nganalisis Data.....	30
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN.....	32
A. Asiling Panaliten	32
B. Pirembagan	40
1. Kritik sosial bab moral wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S.....	40
2. Kritik sosial bab pendhidhikan wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S	46
3. Kritik sosial bab kaluwarga wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S.....	50
4. Kritik sosial bab agami wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun M.M. Sri Haryanti, S.S.....	56
5. Kritik sosial bab ekonomi wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun M.M. Sri Haryanti, S.S.....	61
6. Kritik sosial bab budaya wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun M.M. Sri Haryanti, S.S.....	65
BAB V PANUTUP	69
A. Dudutan.....	69
B. Pamrayogi	Error! Bookmark not defined.
KAPUSTAKAN.....	72
LAMPIRAN.....	75

PRATELAN TABEL

Tabel 1. Panaliten ingkang Jumbuh	24
Tabel 2. Tuladha kartu data jinising kritik sosial	28
Tabel 3. Tuladha kartu data topik kritik sosial	28
Tabel 4. Kritik sosial bab moral	32
Tabel 5. Kritik sosial bab pendhidhikan	33
Tabel 6. Kritik sosial bab kaluwarga	34
Tabel 7. Kritik sosial bab agami	36
Tabel 8. Kritik sosial bab ekonomi	37
Tabel 9. Kritik sosial bab budaya	38

PRATELAN LAMPIRAN

Lampiran 1. Sinopsis Novel Kori Wus Tinarbuka	75
Lampiran 2. Tabel Data Jenis Kritik Sosial	79

**KRITIK SOAIAL WONTEN ING SALEBETIPUN NOVEL KORI WUS
TINARBUKA ANGGITANIPUN MM. SRI HARYANTI, S.S. (ANALISIS
SOSIOLOGI SASTRA)**

Dening :

**Yessi Fatika Sari
NIM 16205244021**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika kalebet panaliten sosiologi sastra ingkang gadhah ancas ngandharaken kritik sosial ingkang kaserat wonten ing selebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*. Kritik sosial ingkang dipunrembag inggih menika kritik sosial bab moral, pendhidhikan, kaluwarga, agami, ekonomi, saha budaya.

Panaliten menika ngginakaken metode *kualitatif* kanthi pendekatan sosiologi sastra, mliginipun sosiologi karya sastra. Data wonten ing panaliten menika dipunkempalaken mawi cara maos kanthi teliti salajengipun ukara ingkang wigati dipuncathet wonten ing kartu data. Data dipunsahaken mawi *validitas semantis* saha *reliabilitas intrarater* ingkang lajeng dipuntiti kaliyan *expert-judgment*. Data menika dipunanalisis mawi cara *kategorisasi*, *tabulasi*, *analisis dekriptif*, lajeng dipunpundhut *inferensipun*.

Saking panaliten menika dipunmangertosi bilih (1) kritik sosial bab moral ngandharaken bilih tiyang menika sampun ngantos gumedhe, kedah ikhlas ugi gadhah pamanggih ingkang ening lan wening, tansah tulung tinulung, saha kedah mawas dhiri. (2) Kritik sosial bab pendhidhikan ngandharaken pendhidhikan menika bab ingkang wigati mila sedaya tiyang menika kedah nglampahi pendhidhikan supados saged ngasilaken bab ingkang migunani. (3) Kritik sosial bab kaluwarga wosipun inggih menika tiyang menika sampun ngantos saresmi manawi dereng ningkah ugi kedah nglaksanakaken kawajibanipun manawi sampun gadhah kaluwarga. (4) Kritik sosial bab agami ngandharaken bilih tiyang menika kedah pitados dhateng Gusti, saha nglaksanaken kawajiban trep kaliyan agminipun. (5) Kritik sosial bab ekonomi ngewrat andharan bilih bandha menika dipunbetahaken ananging sanes ukuranipun kabagyan, ugi tiyang menika namung sawang-sinawang. Saking (6) kritik sosial bab budaya dipunmangertosi bilih ewahipun budaya menika saged damel ewahipun sipatipun tiyang ugi saged damel satunggaling panggenan langkung maju, ananging dereng tamtu damel tiyang betah gesang wonten ing panggenan menika.

Pamijining tembung : Kritik Sosial, Sosiologi Sastra, Kori Wus Tinarbuka

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Sastra inggih menika asil penggalihipun sastrawan minangka anggota masyarakat ingkang ngewrat bab pagesangan wonten ing masyarakat mawi sarana basa (Damono, 1977:1). Kanthi *etimologis*, sastra utawi sastera asalipun saking basa Sanskerta *Ças* utawi *şas* saha *-tra*. *Ças* tegesipun mucal utawi maringi arahan, dene *-tra* gadhah teges inggih punika piranti (Susanto, 2016:1). Damono (1977:1), ngandharaken bilih karya sastra dipunanggit dening sastrawan supados saged dipunwaos, dipunmangertosi tegesipun, ugi saged mupangati kangge masyarakat. Dados karya sastra inggih menika asil penggalihipun tiyang ingkang ngewrat bab pagesanganipun tiyang mawi sarana basa ingkang saged dipunginakaken dados piranti mucal saha mupangati kangge masyarakat. Salah satunggalipun jinis karya sastra wonten ing zaman samenika inggih punika novel.

Novel (Yanti, 2015:3), inggih menika seratan bebas ingkang ngandharaken penggalihipun panganggit ingkang wonten gegayatutanipun kalih kawontenan wonten ing sakiwa-tengenipun, novel ugi saged ngewrat cariyosipun tiyang ingkang nate nglampahi satunggaling prastawa. Minangka salah satunggaling karya sastra ingkang ngewrat kawontenan wonten ing masyarakat, saged dipunmangertosi bilih wonten ing salebetipun novel ugi kaserat perkawis-perkawis ingkang saged kalampahan wonten pagesangan punika.

Karya sastra ingkang ngandharaken bab perkawis-perkawis ingkang kalampahan wonten ing pagesanganipun masyarakat kalebet salah satunggalipun

jinis kritik sosial (Nurgiyantoto, 2009:331). Kritik asalipun saking basa Yunani, *kriein*, ingkang tegesipun *menghakimi*, mbandingkaken, utawi *menimbang-nimbang*. Mila dipunmangertosi bilih kritik sosial ingih menika *penghakiman* ingkang ancasipun kangge kawontenan sosial ingkang kalampahan. Dene kritik sosial wonten ing salebetipun karya sastra inggih menika pamanggih ingkang dipunandharaken saperlu nanggepi perkawis-perkawis sosial ingkang kalampahan wonten ing masyarakat salebetipun karya sastra.

Damono (1977:3) ngandharaken bilih sosiologi karya sastra inggih menika kajian sosiologi sastra ingkang ngrembag karya sastra, sosiologi karya sastra saged ngrembag kawontenan sosial utawi ewahipun karakter wonten ing masyarakat ingkang kaserat wonten ing salebetipun karya sastra. Faruk (2016:53) ngandharaken bilih karya sastra saged dados *analogi*, *presentasi*, saha *proyeksi* saking *pola* utawi *relasi* wonten ing pagesangan wonten ing masyarakat kanthi imajiner. Mila mawi sosiologi karya sastra panaliten menika badhe ngrembag *relasi* ingkang wujudipun *kritik sosial* ingkang kaserat wonten ing salebetipun karya sastra.

Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti S.S, inggih menika novel ingkang dipundadosaken objek wonten ing panaliten punika. Novel menika menika dipunpilih amargi novel menika dados salah satunggaling novel ingkang dados juara saking sayembara novel Bahasa Jawa Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta. Priyantun ingkang nganggit karya sastra menika nun inggih tiyang ingkang nate sinau wonten ing Universitas Gajah Mada jurusan Sastra Jawa, ingkang samenika ngasta wonten ing SMP Negeri 1 Bantul, Ngayogyakarta.

Novel menika nyariyosaken bocah lola, ingkang naminipun Kanaya. Nalika taksih bayi, Kanaya dipunbucal dening ibunipun wonten ing sangajengipun griyanipun tiyang sanes. Yati, tiyang ingkang kagungan griya, kaget amargi manggihi wonten bayi ingkang dipuntilar wonten ing griyanipun. Bayi punika salajengipun dipunpupu kaliyan Yati, ingkang boten saged kagungan putra.

Novel menika ngewrat perkawis-perkawis sosial ingkang kadadosan wonten ing pagesangipun Kanaya. Kanaya, ingkang sampun dipunpupu kaliyan Yati, nalika kelas 6 SD dipuntilar seda kalih Yati, tiyang ingkang dipunsebat Ibu kalih Kanaya. Kanaya ingkang gesang piyambak salajengipun dipunpupu kaliyan tangginipun, Marni. Salaminipun gesang kaliyan kaluwarganipun Marni, Kanaya mangetos bilih sejatosipun piyambakipun sanes putranipun Yati. Bab menika damel Kanaya gadhah krenteg saperlu madosi ibu kandung saha kaluwarganipun. Wiwit saking SMP dumugi SMA, Kanaya tansah pados kaluwarganipun, ananging nalika sampun kepanggih, kaluwarganipun boten purun ngakeni Kanaya, saengga damel tatu wonten ing atinipun Kanaya.

Panaliten menika gadhah ancas supados saged ngandharaken kritik sosial ingkang kapundhut saking perkawis-perkawis sosial wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*. Kritik-kritik sosial menika salajengipun dipundata, dipunserat, saha dipunanalisis supados saged dipunwaos, dipunmangertosi tegesipun, saha dipundadosaken kawruh saengga saged dados tuladha ingkang mupangati kangge tiyang ingkang maos panaliten menika.

B. Underaning Perkawis

Karya sastra ngewrat perkawis-perkawis wonten ing pagesangan. Panaliti badhe madosi menapa kemawon perkawis ingkang kaserat wontening novel *Kori Wus Tinarbuka* adhedhasar dhasaring panaliten ingkang sampun dipunandharaken.

1. Kawontenan masyarakat wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*.
2. Kritik sosial ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*.
3. Interaksi sosial ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing novel *Kori Wus Tinarbuka*.

C. Watesaning Perkawis

Perkawis ingkang dipunrembag wonten ing panliten menika inggih punika kritik sosial ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*. Salajengipun ktitik sosial inkang dipunrembag wonten ing panaliten menika dipunperang dados 6 aspek pirembagan inggih punika :

1. Kritik sosial bab moral
2. Kritik sosial bab pendidikan
3. Kritik sosial bab kaluwarga
4. Kritik sosial bab agami
5. Kritik sosial bab ekonomi
6. Kritik sosial bab budaya

D. Wosing Perkawis

Ahedhasar andharan wonten ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih panaliten menika badhe ngrembag perkawis :

1. Menapa kemawon kritik sosial bab moral ingkang dipunandharaken wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*?
2. Menapa kemawon kritik sosial bab pendidikan ingkang dipunandharaken wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*?
3. Menapa kemawon kritik sosial bab kaluwarga ingkang dipunandharaken wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*?
4. Menapa kritik sosial bab agama ingkang dipunandharaken wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*?
5. Menapa kemawon kritik sosial bab ekonomi ingkang dipunandharaken wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*?
6. Menapa kemawon kritik sosial bab budaya ingkang dipunandharaken wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*?

E. Ancasing Panaliten

Wonten ing ngandhap punika badhe dipunandharaken ancasipun panyeratan panliten menika :

1. Supados saged mangertosi kritik sosial bab moral ingkang kaserat wonten ing novel *Kori Wus Tinarbuka*.
2. Supados saged mangertosi kritik sosial bab pendidikan ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*.

3. Supados saged mangertosi kritik sosial bab pendidikan ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*.
4. Supados saged mangertosi kritik sosial bab agama ingkang kaserat wonten ing novel *Kori Wus Tinarbuka*.
5. Supados saged mangertosi kritik sosial bab ekonomi ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*.
6. Supados saged mangertosi kritik sosial bab budaya ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*.

F. Paedahing Panaliten

1. Paedah Teoritis

Wonten ing panaliten punika dipunandharaken kritik sosial wonten ing salebetipun novel Jawa ingkang saged dados tambahan kawruh bab kawontenan sosial kangge pamaos. Panaliten menika mugi-mugi saged dados salah satunggaling tuladha analisis sosiologi sastra ingkang saged ngrembakaken kawruh bab sastra. Asiling panaliten menika ugi saged dipundadosaken salah satunggaling referensi kangge panaliten sosisologi sastra salajengipun ingkang pokok kajianipun novel Jawa.

2. Paedah Praktis

Panaliten menika ngandharaken bab kritik kangge perkawis-perkawis sosial ingkang kadadosan wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*. Kritik ingkang dipunrembag inggih menika kritik bab moral, pendhidhikan, kaluwarga, agami, ekonomi, saha budaya. Saking panaliten punika pamaos saged mangertosi kritik sosial ingkang kaserat wonten ing salebtipun novel *Kori Wus*

Tinarbuka saha mundhut kawruh bab pagesangan ingkang dipundadosaken kritik wonten ing salebetipun panaliten menika.

3. Paedah kangge Panyerat

Panyerat saged mangertosi sedaya bab ingkang dipunserat wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S. Panaliten menika ugi damel panyerat langkung mangertosi bab *analisis sosiologi sastra*.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Sastra

Sastra inggih menika asil karyanipun tiyang ingkang kaandharaken mawi lisan utawi seratan (Sudjiman, 1990:68). Miturut Hutomo (1991:1), sastra lisan inggih menika karya sastra ingkang turun-temurun wonten ing masyarakat, dene sastra tulis (*written literature*) inggih menika sastra ingkang wujudipun tulisan utawi literal. Sumardjo lan Saini (1997:3) ngandharaken bilih sastra gadhah teges asiling penggalih tiyang awujud *pengalaman*, penggalih, raos, panemu, semangat, saha kapitadosan ingkang konkret ingkang nuwuhaken kaendahan mawi sarana basa. Mila dipunmangertosi bilih karya sastra tulisan inggih menika asiling penggalih tiyang ingkang konkret saha nuwuhaken kaendahan ingkang kaserat mawi sarana basa.

Wellek lan Warren (1993:3) ngandharaken bilih sastra inggih menika salah satunggaling karya seni ingkang asalipun saking kreatifitas panganggit. Kreatif tegesipun raos pengen damel satunggaling karya ingkang enggal, ingkang dereng nate wonten ing pagesangan punika. Kanthi kreatifitasipun panganggit kathah sanget jinisipun karya sastra, salah satunggal jinisipun inggih menika karya seratan, kadosta novel saha cerkak (*written literature*).

Karya sastra dipunserat adhedhasar kawontenan ingkang kadadosan wonten ing pagesangan. Damono (1977:1) ngandharaken bilih sastra inggih menika asiling penggalih satunggaling tiyang ingkang ngandharaken kawontenan ingkang kadadosan wonten ing masyarakat mawi sarana basa. Mila saged

dipunmangertosi bilih sastra inggih menika asiling penggalih kreatif satunggaling tiyang ingkang ngandharaken kawontenan wonten ing pagesanganipun masyarakat mawi sarana basa.

Karya sastra saged dipunmangertosi kanthi sae manawi wonten geayutanipun kaliyan pagesanganipun tiyang. Awit saking punika saged dipunmangetosi bilih wonten ing salebetipun karya sastra, kaserat perkawis-perkawis bab pagesanganipun tiyang. Perkawis menika saged kaserat kanthi langsung saha boten langsung. Pekawis ingkang kaandharaken kanthi cara langsung tamtu langkung gampil anggenipun madosi tegesipun. Dene, kangge madosi tegesipun perkawis ingkang kaserat boten langsung wonten ing salebetipun karya sastra dipunbetahaken analisa ingkang teliti.

Awit saking teori ingkang dipunandharaken wonten ing nginggil saged dipunmangertosi bilih sastra inggih menika asiling penggalih ingkang ngandharaken perkawis-perkawis ingkang kadadosan wonten ing pagesanganipun tiyang kanthi kreatif mawi sarana basa ingkang endah. Perkawis-perkawis ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel menika salajengipun saged dados satunggaling kritik wonten ing salebetipun karya sastra. Sastra ingkang kados mekaten saged dipundadosaken salah satunggaling objek panaliten ingkang saged dipunrembag mawi sosiologi sastra.

B. Sosiologi Sastra

Koentjaraningrat (2009: 115-118) ngandharaken bilih satunggaling kelompok tiyang saged dipunsebat masyarakat manawi wonten interaksi antawisipun tiyang setunggal lan sanesipun, adat istiadat, *kontinuitas* wekdal, saha

identitasipun tiyang. Anggenipun nglampahi interaksi, satunggaling tiyang tamtu gadhah solah bawa ingkang beda kaliyan tiyang sanesipun. Wonten tiyang ingkang gadhah sipat becik, ugi wonten tiyang ingkang gadhah sipat ingkang awon. Sipatipun tiyang menika saged dipunanalisis mawi piwulang sosiologi. Tiyang ingkang gesang wonten ing satunggaling papan ugi gadhah gegayutan anatawisipun satunggal tiyang lan sasnesipun. Tiyang ingkang gadah gegayutan ingkang dinamik saged ngrembakakaken struktur sosial ugi saged damel konflik wonten ing masyarakat (Marx lumantar saking Faruk, 2016:8).

Faruk (2016:53) ngandharaken bilih karya sastra saged dados *analogi*, *presentasi*, saha *proyeksi* saking *pola* utawi *relasi* wonten ing pagesangan wonten ing masyarakat kanthi imajiner. Mila, kawontenan sosial ingkang kaserat wonten ing novel menika saged dipunanalisis mawi piwulang sosiologi sastra. Saengga saged dipunmangertosi bilih sosiologi sastra inggih menika piwulang ingkang ngrembag kawontenan sosial wonten ing karya sastra. Mawi sosiologi sastra saged dipunmangertosi perkawis-perkawis sosial ingkang sami kalampahan wonten ing salebetipun novel. Perkawis-perkawis menika saged dipunanalisis saengga saged dipunsebat kritik sosial ingkang kadadosan wonten ing salebetipun karya sastra.

Wellek saha Warren (Wonten ing Damono 1977:3) ngandharaken bilih sosiologi sastra menika dipunperang dados tigang jinis, inggih menika sosiologi panganggit, sosiologi pamaos, lajeng ingkang pungkasan sosiologi karya sastra. Sosiologi panganggit ngrembag menapa kemawon bab ingkang damel satunggaling panganggit nyerat karya sastra. Sosiologi pamaos ngrembag

kadospundi *efek* ingkang tuwuh bibar maos satunggaling karya sastra. Lajeng ingkang pungkasan sosiologi karya sastra, ingkang ngrembag bab kawontenan saha sedaya perkawis ingkang kadadosan wonten ing salebetipun karya sastra. Panaliten menika ngginakaken panaliten sosiologi karya sastra.

Daiches (wonten ing Damono, 1977:12) ngandharaken bilih sosiologi sastra migunani sanget manawi dipunginakaken kangge ngrembag karya sastra ingkang wujudipun gancaran. Saengga mawi sosiologi karya sastra panaliten menika badhe ngrembag karya sastra ingkang wujudipun novel. Sosiologi karya sastra dipunginakaken supados panaliti saged ngrembag kritik sosial wonten ing salebetipun karya sastra. Kritik sosial wonten ing panaliten sosiologi karya sastra kapundhut saking perkawis-perkawis sosial ingkang kaserat wonten ing salebetipun karya sastra.

Awit saking andharan wonten ing nginggil punika saged dipunmangertosi bilih panaliten menika kalebet salah satunggaling panaliten sosiologi karya sastra ingkang ngrembag perkawis-perkawis ingkang kaserat wonten ing salebetipun karya sastra. Karya sastra ingkang dipunanalisis wonten ing panaliten menika wujudipun gancaran ingkang jinisipun novel, kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka*.

C. Novel

Miturut basa Latin, novel asalipun saking tembung *novellus*, *novelis* ingkang tegesipun enggal (Tarigan, 2000:164 lumantar saking Yanti, 2015:3). *Novella*, asaling tembung novel miturut basa Italia, gadhah teges satunggaling bab enggal ingkang alit. Novel wonten ing karya sastra Jawa kalebet salah

satunggaling sastra Jawa mutakhir, kadosta cerkak saha jagading lelembut. Sastra Jawa mutakhir inggih menika sastra Jawa ingkang kathah dipundamel wonten ing zaman samenika. Saengga saged dipunmangertosi bilih novel menika kalebet salah satunggaling karya sastra ingkang enggal.

Nurgiyantoro (2010:4) ngandharaken bilih novel inggih menika salah satunggaling karya fiksi ingkang ngewrat cariyos pagesanganipun tiyang ingkang kaserat ideal. Miturut KBBI *ideal* tegesipun trep kaliyan menapa ingkang dipundadosaken pepinginan. Grebstein (Wonten ing Damono 1977:4) ngandharaken bilih karya sastra boten saged dipunmangertosi kanthi genep manawi dipunsisihaken kaliyan kawontenan wonten ing kasunyatan. Damono (1977:2) ugi ngandharaken bilih cariyos ingkang kaserat wonten ing novel saged dipundadosaken tuladha anggenipun gesang wonten ing donya punika. Awit saking menika saged dipunmangetosi bilih novel inggih menika satunggaling karya sastra ingkang trep kaliyan angan-anganipun panganggit ingkang ngewrat kawontena wonten ing pagesangan saengga saged dipundadosaken tuladha.

Kadosta ingkang dipunandharaken dening Daiches (wonten ing Damono, 1977:12) bilih piwulang sosiologi sastra migunani sanget manawi dipunginakaken kangge ngrembag karya sastra ingkang wujudipun gancaran. Novel minangka salah satunggalipun karya sastra ingkang wujudipun gancaran trep sanget manawi dipunanalisis mawi teori sosiologi sastra. Mawi piwulang sosiologi sastra, panaliti saged ngrembag sedaya kawontenan ingkang kadadosan wonten ing karya sastra. Panaliti ugi saged madosi menapa mawon kritik sosial ingkang kaserat wonten inig salebetipun novel. Mawi kritik sosial punika panaliti saged mangertosi

pagesangan ingkang kadospundi ingkang dipunserat dening panganggit. Kritik sosial ingkang saged dipunpadosi wonten ing novel antawisipun kritik sosial bab moral, pendidikan, kaluwarga, agama, ekonomi, budaya, saha politik.

Saking andharan ingkang sami kaserat saged dipunmangertosi bilih novel kalebet salah satunggaling karya sastra ingkang wujudipun gancaran. Awit saking wujudipun, novel trep sanget manawi dipunrembag mawi sosiologi karya sastra. Mawi sosiologi karya sastra, panaliti saged mangertosi kawontenan ingkang kadadosan wonten ing selebetipun karya sastra saengga saged dipunmangertosi kritik sosial ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel.

D. Kritik Sosial Saha Jinisipun

Faruk (2016:53) ngandharaken bilih karya sastra saged dados *analogi*, *presentasi*, saha *proyeksi* saking *pola* utawi *relasi* wonten ing pagesangan wonten ing masyarakat kanthi imajiner. Mila wonten ing salebetipun karya sastra tamtu wonten perkawis-perkawis ingkang dipunserat dening panganggit. Perkawis ingkang kadadosan wonten ing masyarakat ingkang saged damel kawontenan sosial kirang sae saged dipunsebat perkawis sosial (Prasetyo, 2015:14). Perkawis sosial ingkang dipunserat wonten ing satunggaling karya sastra saged kalebet kritik sosial.

Kritik asalipun saking basa Yunani, *kriein*, ingkang tegesipun *menghakimi*, mbandingkaken, utawi *menimbang-nimbang*. Mila dipunmangertosi bilih kritik sosial ingih menika *penghakiman* ingkang ancasipun kangge kawontenan sosial ingkang kalampahan. Perkawis sosial inggih menika satunggaling prastawa ingkang boten dikarepake kadadosan wonten ing

masyarakat. Mila saged dipunmanertosi bilih kritik sosial inggih menika kritik ingkang dipunandharaken saperlu nanggapi perkawis sosial ingkang kadadosan wonten ing masyarakat.

Wonten ing ngandhap menika badhe dipunandharaken jinising perkawis kritik sosial ingkang badhe dipunrembag wonten ing panaliten menika. Perkawis menika dipunperang dados enem inggih punika moral, pendhidhikan, kaluwarga, agama, ekonomi, budaya amargi perkawis menika kathah dipunrembag wonten ing salebetipun novel Kori Wus Tinarbuka.

1. Kritik Sosial Perkawis Moral

Moral, saking basa latin *mos* (jamak, *mores*) ingkang gadhah teges *kebiasan* utawi adat. Hadiatmatja (2011:10) ngandharaken bilih moral inggih menika bab ingkang dipungadhahi dening tiyang utawi kelompok ingkang wujudipun sipat saha kapribaden ingkang saged dipuntingali saking tumindakipun. Moral inggih menika tumindakipun tiyang utawi kelompok ingkang dipunambali saengga dados adat wonten ing satunggal kelompok tiyang (*folkways*). Supados pagesangan wonten ing satunggaling kelompok tiyang saged kalahmpahan kanthi harmonis, dipunbetahaken etiket utawi tatanan.

Etiket (Hadiatmatja, 2011:10) tegesipun aturan ingkang dipunginakaken dening satunggaling kelompok tiyang supados saged damel pagesangan ingkang harmonis. Etiket asalipun saking *folkways* wonten ing satunggaling kelompok ingkang dipuntata saha dipunserat dados satunggaling *custom* utawi aturan moral ingkang dipunsebat etika. Etika, miturut KBBI, tegesipun

piwulang bab sae lan awon ingkang dipundadosaken dhasaring pagesangan satunggaling kelompok tiyang wonten ing masyarakat.

Saking andharan ingkang kaserat wonten ing nginggil menika saged dipunmagertosi bilih pekawis sosial bab moral ingkang kadadosan wonten ing pagesangan menika asalipun saking tumindakipun satunggaling tiyang ingkang boten trep kaliyan etika. Wonten ing papan satunggal lan sanesipun tamtu gadhah etika ingkang beda ananging gadhah ancas ingkang sami inggih menika pagesangan ingkang harmonis. Wonten ing panaliten menika etika ingkang dipunginakaken inggih menika etika jawa.

Etika Jawa utawi aturan moral ingkang dipunginakaken dening tiyang Jawi kagungan penggalih ingkang beda saking penggalhipun tiyang ahli ingkang asalipun saking bangsa kilen. Hadiatmaja, Kuswa Endah (2011:65) ngandharaken bilih penggalhipun tiyang Jawi asalipun boten namung saking akal saha budi, ananging saking raos ugi. Dados wonten ing etika Jawa raos tansah mlampah sesarengan kaliyan budi. Etika Jawa antawisipun satunggaling tiyang dhateng tiyang sanesipun saged mawi semboyan *Berbudi bawa laksana*, ingkang tegesipun tumindhak kanthi ekhlas lan khusnudzon dhateng tiyang sanesipun, ugi gadhah sipat *rendah hati, alus, ora sombong, lsp* (Hadiatmaja, 2011:48).

Mawi soiologi karya sastra, panganggit saged ngandharaken kritik sosial bab moral ingkang kadadosan wonten ing masyarakat. Panganggit minangka anggota masyarakat ugi saged ngandharaken piwulang-piwulang moral wonten ing karya sastranipun. Awit saking adharan wonten ing nginggil

menika saged dipunmangertosi bilih kritik sosial bab moral ingih menika kritik ingkang ancasipun ngandharaken kritik dhateng tindhak tanduk paraga wonten ing novel saha moral ingkang kedah dipungadhahi dening tiyang jawi.

2. Kritik Sosial Perkawis Pendhidhikan

Pendhidhikan inggih menika sedaya bab ingkang migunani ingkang dpunandharaken kanthi sadar saha tanggel jawab saengga saged damel pagesangan dados langkung sae (Syahrizal Akbar, Retno Winarni, saha Andayani, 2013:60). Pendhidhikan ugi gadhah teges sedaya cara ingkang dipunlampahi dening satunggaling tiyang saengga saged angsal kawruh ingkang saged dipunginakaken kangge gesang wonten ing pagesangan. Saengga saged dipunmangertosi bilih pendhidhikan menika tegesipun sedaya kagiyatan ingkang dipunlampahi wonten ing pundi kemawon kalih sinten kemawon ingkang ancasipun angsal kawruh ingkang saged dipunginakaken gesang wonten ing donya menika.

Wonten ing Indonesia, pendhidhikan dipunatur wonten UU No. 20 Tahun 2003 bab *sisdiknas* wonten ing pasal 1 ingkang wosipun pendhidhikan inggih menika usaha damel kawontenan pasinaon ingkang saged damel siswa ngrembakakaken potensi wonten ing piyambakipun saengga gadhah kagiyatan agama, pengendalian dhiri, kapribaden, kapinteran, akhlak ingkang sae saha katrampilan ingkang dipunbetahaken piyambakipun saha masyarakat mawi pasinaon. Awit saking menika saged dipunmangertosi bilih pendhidhikan menika bab ingkang wigati sanget, boten namung dhateng lare, anaging dhateng sedaya tiyang.

Pendhidhikan menika bab ingkang wigati saengga anggenipun nglampahi tamtu wonten perkawis ingkang kedah ugi dipunlampahi. Perkawis menika asalipun saged saking siswa ingkang sinau, guru ingkang mucal pasinaon, utawi pemerintah ingkang ngatur sistem pendhidhikan. Tuladha perkawis ingkang kadadosan wonten ing pendhidhikan inggih menika kawontenan kelas ingkang boten kondusif saengga damel siswa kirang mangertosi bab ingkang dipunrembag, guru ingkang kirang jelas anggenipun ngandharaken materi pasinaon, lsp. Perkawis-perkawis menika saged dipunpadosi solusinipun manawi wonten kesadaran saking masyarakat supados pendhidhikan saged kalampahan kanthi harmonis.

Sastrawan minangka salah satunggaling anggota masyarakat saged dados tiyang ingkang ngandharaken perkawis pendhidhikan ingkang sami kalampahan, saengga saged damel tiyang ingkang maos karya sastra mangertos kaliyan perkawis ingkang sami kalampahan.

Awit saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih kritik sosial bab pendhidhikan inggih menika sedaya perkawis wonten ing dunia pendhidhikan ingkang asalipun saking guru, menapa dene siswa. Perkawis menika dipunserat wonten ing salebetipun karya sastra saengga saged dipunsebat kritik sosial bab pendhidhikan wonten ing karya sastra.

3. Kritik Sosial Perkawis Kaluwarga

Mawi cara etimologi kaluwarga asalipun saking basa sansekerta, tembung menika kasusun saking kalih tembung inggih menika “kawula” saha “warga”. Saking tembung menika dipunmangertosi bilih kaluwarga inggih menika

tiyang ingkang nderek dados warga wonten ing satunggaling kelompok tiyang. Ananging supados saged dipunsebat kaluwarga wonten karakteristikipun. Kaserat dening Eshleman wonten ing *The Family : An Introduction*, wonten sakawan karakteristik kaluwarga inggih menika, (1) Kaluwarga inggih menika tiyang ingkang sampun krami, utawi gadhah hubungan darah/adopsi, (2) kaluwarga inggih menika sakelompok tiyang ingkang gesang wonten ing satunggal griya saha nganggep bilih griya menika griyanipun piyambak, (3) Wosipun kaluwarga inggih menika tiyang ingkang wicantenan satunggal lan sanesipun miturut perananipun piyambak-piyambak, kadosta bapak, ibu, anak, adhik, mas, lsp., (4) Kaluwarga inggih menika satunggaling kelompok tiyang ingkang gadhah kebiasaan utawi budaya ingkang turun temurun.

Saking andharan wonten ing nginggil punika dipunmangertosi bilih kaluwarga inggih menika satunggal kelompok tiyang ingkang anggotanipun bapak, ibu, anak, saha sedulur sanesipun ingkang gadhah hubungan darah saha gesang wonten ing satunggal griya. Awit saking punika tamtu satunggaling anggota kaluwarga gadhah peranipun piyambak-piyambak. Kapundhut saking Nurhadi (2008:66-67) wonten ing ngandhap punika badhe dipunandharaken peranan anggota kaluwarga :

- a. Bapak : minangka kepala kaluwarga bapak kagungan tugas kangge njagi kaluwarganipun saking babagan ingkang saged mbebayani kaluwarganipun. Bapak ugi kagungan tugas pados nafkah saengga saged njangkepi kabutuhan wonten ing kaluwarga saha saged nyekolahaken putra-putrinipun

- b. Ibu : peranipun ibu inggih menika dados kepala rumah tangga. Ibu kedah nggatosaken anggota kaluwarganipun, saha kedah ngrimat papan ingkang dingge emah-emah
- c. Anak : anak minangka anggota kaluwarga tugasipun sinau saha hormat dhateng tiyang sepuhipun

Minangka satunggal kelompok kaluwarga tamtu gadhah pengaruh ingkang ageng antawisipun satunggal anggota saha sanesipun. Mila kawontenan ingkang harmonis wonten ing kaluwarga kedah tansah dipunjagi supados saged mbeta pengaruh ingkang sae wonten ing satunggaling tiyang. Keluarga ingkang harmonis inggih menika kaluwarga ingkang gadhah raos katresnan, tentrem, saha tansah tulung antawisipun anggota kaluwarga. Ananging supados dados kaluwarga ingkang harmonis tamtu anggota kaluwarga kedah njangkepi kewajiban miturt peran wonten ing kaluwarga.

Kewajiban ingkang boten dipunjangkepi kaliyan anggota kaluwarga punika salajengipun saged dados salah satunggaling sebab perkawis wonten ing kaluwarga. Perkawis bab kaluwarga ingkang dipunserat dening panganggit wonten ing salebetipun karya sastra salajengipun dipunsebat kritik sosial bab kaluwarga. Awit saking punika saged dipunmangertosi bilih kritik sosial bab kaluwarga inggih menika kritik dhateng tiyang ingkang boten njangkepi kewajibanipun minangka anggota kaluwarga ingkang kaserat wonten ing salebetipun karya sastra.

4. Kritik Sosial Perkawis Agama

Kanthi etimologis, agama utawi “*relige*” wonten ing Basa Belanda, gadhah teges nglampahi satunggaling padamelan terus-terusan ingkang sipatipun wajib. Wonten ing Basa Arab, *Ad-din* utawi agama tegesipun nguwasani, naklukaken, saha walesan. Ridwan MK, dkk ngandharaken wonten ing jurnal ilmu aqidah saha studi agama (2016:157) bilih wonten ing salebetipun agama sejatosipun sampun wonten aturan-aturan ingkang kedah dipuntindakaken kaliyan tiyang ingkang pitados kaliyan agama menika. Agama ugi saged dados pengaruh kangge kapitadosan, tata krama, tindak tandhuk, saha aspek kabudayan ingkang dipuntindadaken kaliyan tiyang ingkang pitados (MK Ridwan, dkk, 2016:156). Awit saking punika saged dipunmangertosi bilih agama menika saged mbeta pengaruh dhateng kawontenan sosial wonten ing masyarakat menapa dene wonten ing kaluwarga.

Cara pandang satunggaling tiyang ingkang beda kaliyan tiyang sanesipun saged damel satunggaling perkawis wonten ing masyarakat. Salah satunggalipun tuladha perkawisipun inggih punika perkawis agami. Cara pandang ingkang beda wau saged kadadosan antawisipun tiyang ingkang pitados kaliyan agama ingkang beda menapa dene sami. Wonten ing panaliten menika badhe dipunrembag perkawis sosial bab agama ingkang kadadosan wonten ing satunggal agama ingkang dipunpitados dening masyarakat wonten ing salebetipun novel, inggih menika agama Islam.

Wonten ing agama Islam, tiyang pitados kaliyan Allah minangka Gusti ingkang damel pagesangan menika saha Rasulullah SAW ingkang mbeta agama punika. Minangka tiyang Islam wonten kewajiban ingkang kedah dipuntindakaken ingkang dipunsebat rukun islam, ingkang wosipun syahadat shalat, puasa, zakat, saha haji(manawi saged). Wonten ing agama punika ugi wonten Al-Quran saha Hadist minangka pedoman nglampahi pagesangan menika. Minangka tiyang ingkang pitados kaliyan agama ingkang sami, tamtu kedah ngemutaken satunggal lan sanesipun manawi wonten kewajiban ingkang dereng dipuntindakaken. Ananging, kadangkala kagiyatan ngemutaken satunggal lan sanesipun menika saged dados perkawis ingkang ngirangi kawontenan harmonis wonten ing masyarakat.

Cara pandang ingkang beda wonten ing satunggaling agama saged damel perkawis sosial bab agama. Awit saking punika saged dipunmangertosi bilih kritik sosial bab agama inggih menika kritik dhateng tiyang wonten ing salebtipun karya sastra ingkang boten nglampahi kewajibanipun minangka tiyang ingkang gadhah agama.

5. Kritik Sosial Perkawis Ekonomi

Ekonomi gadhah pengaruh ingkang kathah sanget wonten ing masyarakat. Wonten ing panaliten menika tingkang ekonomi masyarakat wonten ing novel ingkang dipuntliti dipunbagi dados kalih, inggih punika tingkat ekonomi ingkang inggil saha tingkat ekonomi andhap. Dipunmangertosi bilih tingkat ekonomi inkang inggil menika damel masyarakat langkung gampil

anggenipun njangkepi kabutuhanipun, dene tingkat ekonomi andhap saged damel masyarakat ngraosaken rekaos.

Kathah sanget perkawis ingkang wonten amargi tingkat ekonomi ingkang rendah. Tingkat ekonomi rendah ingkang saged damel tingkat pendhidhikan ingkang rendah wonten ing masyarakat (Jurnal Ekonomika & Pendidikan Vol. 7 No. 1). Tingkat pendhidhikan ingkang rendah saged damel tingkat pengangguran inggil ingkang saged damel inggilipun tingkat kriminalitas saha damel kathahipun tiyang ingkang seda amargi boten saged njangkepi kabutuhan padintenan.

Kritik sosial bab ekonomi inggih menika kritik sosial ingkang ngrembag perkawis-perkawis ingkang kadadosan amargi andhapipun tingkat ekonomi wonten ing masyarakat ingkang kaserat wonten ing salebetipun karya sastra.

6. Kritik Sosial Perkawis Budaya

Tembung kabudayan asalipun saking basa Sanskerta *buddhayhah*, inggih menika tembung jamak saking *buddhi* ingkang tegesipun “budi” utawi “akal” (Dwiningrum, 2016:52). Suwardi (2005:1) ngandharaken bilih budaya jawa inggih punika pangejawentah budinipun tiyang ingkang wosipun kapinginan, gegayuhan, penggalih, menapa dene semangat anggenipun pados kasejahteraan, kaslametan, saha kabagyan lair batin. Awit saking punika saged dipunmangertosi bilih kabudan inggih menika asiling penggalih, tindak tanduk, saha karya satunggaling tiyang ingkang ngewrat kapinginan, gegayuhan, penggalih, saha semangat supados saged nggayuh kasejahteraan, kaslametan, saha kabagyan lair batin.

Pasaribu (2015:91-92) ngandharaken bilih wonten tiga perkawis kabudayan ingkang sami kalampahan wonten ing Indonesia. Ingkang angka satunggal inggih menika Indonesia menika kagungan kathah sanget *suku* ingkang gadhah *latar* sosio-budaya ingkang beda-beda. Salajengipun pembangunan ingkang damel ewahipun piwulang kabudayan Indonesia. Ingkang pungkasan inggih punika teknologi ingkang damel kontak budaya antawisipun satunggal tiyang lan sanesipun langkung asring saha gampang. Mawi Jurnal Humanika Vol. 23 No.1 kaca 63 dipunmangertosi bilih *kearifan lokal* inggih punika salah satungaling cara njagi kabudayan wonten ing ssatunggaling bangsa. Mila ewahipun piwulang amargi pembangunan saha teknologi menika saged damel kawontenan ingkang beda-beda wonten ing satunggaling suku utawi daerah wonten ing Indonesia. Kawontenan menika saged dipunsebat langkung sae menapa dene awon dipuntingali saking bedanipun budaya ingkang saderengipun kaliyan budaya ingkang sami kalampahan. Ingkang kados mekaten salajengipun dipunsebat ewahipun piwulang budaya.

Awit saking punika dipunmangertosi bilih kritik perkawis sosial bab budaya ingkang dipunrembag wonten ing panaliten punika inggih menika kritik dhateng ewahipun budaya ingkang amargi pembangunan saha teknologi ingkang kadadosan wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*.

E. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten menika boten uwal saking panaliten-panaliten saderengipun. Panaliten menika kalebet panaliten *Sosiologi Sastra*. Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika kaserat wonten ing tabel punika.

Tabel 1. **Panaliten ingkang Jumbuh**

No.	Asma	Irah-Irahan Skripsi	Katrangan
1.	Genes Woro Hascaryowati	Kritik Sosial ing Kempalan Geguritan Pasewakan (Kajian Panaliten Sosiologi Sastra)	Ingkang dipuntaliti wonten ing panaliten menika : - Perkawis kritik sosial ing kempalan geguritan <i>pasewakan</i>. - Golongan sosial utawi strata sosial ingkang dados sasaran kritik ing kempalan geguritan <i>pasewakan</i>. - Amanat utawi <i>pesan</i> panganggit wonten ing salebetipun kritik sosial.
2.	Anisa Octafinda Retnaningsih	<i>Kritik Sosial dalam Roman Momo Karya Michael Ende (Analisis Sosiologi Sastra)</i>	Ingkang dipuntaliti wonten ing panaliten menika : - Kawontenan sosial masyarakat Jerman wonten ing salebetipun novel. - Perkawis sosial ingkang dipunkritik kalih <i>Michael Ende</i> mawi roman <i>Momo</i>. - Caranipun ngndharaken kritik.

Saking tabel wonten ing nginggil punika dipunmangertosi bilih panaliten ingkang jumbuh menika sami-sami naliti bab kritik sosial. Inkang mbedakaken panaliten menika kaliyan panalitenipun Genes Woro Hascaryowati saha Anisa

Octafinda Retnaningsih inggih punika *objek* panalitenipun. Genes Woro Hascaryowati ngrembag kritk sosial ingkang asalipun saking kempalan gegguritan pasewakan, Anisa Octafinda Retnaningsih ngrembag salah satunggaling roman saking Jerman ingkang irah-irahanipun Momo, dene ingkang dipunrembag wonten ing panaliten menika inggih punika novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S.

Perkawis ingkang dipuntiti wonten ing panaliten punika sami-sami babagan kritik sosial, anaging wonten ing panaliten menika perkawis ingkang dipunrembag inggih menika bab moral, pendhidhikan, kaluwarga, agama, ekonomi, saha budaya ingkang kathah dipunrembag wonten ing salebetipun novel ingkang dados objek panaliten. Panaliten menika ugi ngginakaken cara tabulasi anggenipun nganalisis saengga langkung cetha anggenipun ngandharaken unsur kritikipun. Awit saking latar panggenan roman saha novel ingkang beda, panaliti ugi manggihaken kritik sosial ingkang beda ugi. Mila saged dipunsebat bilih panliten menika beda kalia panaliten saderengipun.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika kalebet salah satunggaling panaliten kualitatif. Panaliten menika dipunginakaken supados saged ngandharaken *fenomena sosial* (Cresswell lumantar saking Jurnal Makara Sosial Humaniora Vol. 9 Kaca 58), utaminipun ingkang kadadosan wonten ing salebetipun karya sastra. Panaliten kualitatif ngasilaken data ingkang wujudipun seratan saha tetembungan (Moeleong lumantar saking Jurnal Hamonia Volume 11 Kaca 176). Mawi panaliten menika panaliti saged ngempalaken data kanthi sistematis saha intensif saengga panaliti saged ngandharaken asiling panaliten kanthi *detail*.

Pendekatan ingkang dipunpilih inggih menika pendekatan sosiologi sastra. Sosiologi sastra dipunginakaken supados panaliti saged nganalisis masyarakat wonten ing salebetipun karya sastra (Endraswara, 2011:13). Mawi pendekatan sosiologi sastra panaliti madosi kritik ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*. Kritik ingkang dipunpadosi inggih menika kritik kangge perkawis-perkawis masyarakat ingkang kadadosan wonten ing salebetipun novel, ingkang salajengipun saged dipunsebat kritik sosial.

B. Data saha Sumber Data

Data wonten ing panaliten menika inggih menika sedaya kritik sosial ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*. Ingkang dipundadosaken sumber data wonten ing panaliten menika inggih menika novel jawa ingkang dados pemenang wonten ing lomba novel kathi irah-irahan “*Kori*

wus Tinarbuka” anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S. ingkang dipunterbitaken kalih Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta tahun 2017 ingkang kandelipun 200 kaca.

C. Caranipun Ngempalaken Data

Teknik ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken data wonten ing panaliten menika inggih menika maos saha nyatet.

1. Maos

Novel *Kori Wus Tinarbuka* dipunwaos wiwit awal dumugi pungkasan. Panaliti kedah maos kanthi teliti saha ngati-ati saengga boten wonten ingkang dipunliwati. Salajengipun panaliti madosi kritk-kritik bab perkawis sosial ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel ingkang trep kaliyan teori ingkang dipunginakaken. Kritik menika salajengipun dipunlebetaken wonten ing kartu data ingkang sampun dipundamel saengga saged dipunpadosi topik kritikipun.

2. Nyerat

Panaliti nyerat sedaya ingkang saged dipunpadosi wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*, utaminipun bab kritik sosial ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel. Kritik sosial dipunserat adhedhasar jinis-jinisipun supados samangke langkung gampil anggenipun analisis. Catetan dipunbetahaken supados boten wonten bab ingkang kesupen sabibaripun maos karya sastra.

D. Pirantining Panaliten

Wonten ing panaliten menika panaliti ngginakaken piyambakipun dados instrumen panaliten utawi dipunsebat *human instrument*. Panaliti dados sarana kangge nganalisis novel menika. Endraswara (2003:5) ngandharaken bilih wonten

ing panaliten sastra menika, panaliti dados kunci ingkang saged ngandharaken isinipun analisis sastra.

Panaliti ugi ngginakaken kartu data minangka instrumen panaliten. Kartu data ingkang dipunginakaken kangge nganalisis novel *Kori wus Tinarbuka* anggitanipun MM. Sri Haryanti S.S. kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

Tabel 2. **Tuladha *kartu data* jinising kritik sosial**

No.	Kutipan	Kaca	Jinisipun					
			1	2	3	4	5	6

Katrangan :

No	:	Minangka urutanipun data ingkang dipunginakaken.
Kutipan	:	Wosipun seratan ingkang kapundhut saking salebetipun novel ingkang ngandharaken bab kritik sosial ingkang
Kaca	:	Nuduhaken saking kaca pinten kutipan dipunpendhet.
Jinisipun	:	Ngandharaken jinisipun kritik sosial ingkang dipunkutip. Jinisipun inggih menika (1) Moral, (2)Pendidhikan, (3)Kaluwarga, (4)Agama, (5)Ekonomi, (6)Budaya,

Tabel 3. **Tuladha *kartu data* topik kritik sosial**

No.	Kutipan	Kaca	Topik Kritik

E. Caranipun Ngesahaken Data Panaliten

Panaliten menika ngasilaken data ingkang wujudipun ukara. Ukara menika salajengipun dipunanalisis mawi cara deskriptif. Mawi cara deskriptif panaliti saged ngandharaken kawontenan wonten ing salebetipun novel ingkang dipunanalisis kanthi *akurat*. Asiling analisis menika salajengipun dipunsahaken ngginakaken cara validitas saha reliabilitas.

Validitas semantis dipunginakaken saengga panaliti saged ngukur *tingkat kesensitifan* makna *simbolik* ingkang *relevan* kaliyan konteks (Endraswara, 2003:164). Mawi cara menika panaliti saged mangertosi tetembungan, ukara, *dialog*, *monolog*, *interaksi* antawisipun tokoh, saha prastawa ingkang kadadosan woten ing salebetipun karya sastra. Salajengipun supados ngasilaken data ingkang *valid*, asiling panaliten menika dipunkonsultasikaken dhateng dosen pembimbing minangka *expert-judgement*.

Reliabilitas intrarater ugi dipunginakaken kangge ngukur *tingkat konsistensi* saking panaliten menika. Mawi reliabilitas intrarater panaliti tansah ngambali maos subjek panaliten menika supados saged ngasilaken data ingkang konsisten. Panaliti salajengipun nglampahi *uji reliabilitas* kangge data konsisten ingkang sampun kadamel mawi konsultasikaken dhateng dosen pembimbing ingkang sampun dados *expert* wonten ing bidang kasusastran.

F. Caranipun Nganalisis Data

Teknik ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih punika teknik deskriptif, kaandharaken wonten ing ngandhap punika.

1. Kategorisasi

Kapundhut saking *Kamus Besar Bahasa Indonesia*, *kategorisasi* inggih menika merangaken data adhedhasar aspek utawi golonganipun. Wonten ing panaliten menika panaliti pados data awujud kritik sosial wonten ing salebtipun novel *Kori Wus Tinarbuka*. Data menika salajengipun dipunperang trep kaliyan golonganipun.

2. Tabulasi data

Tabulasi data inggih menika tabel ingkang wosipun data ingkang sampun dipunparingi kode trep kaliyan analisis ingkang dipunbetahaken (Kapundhut saking *Kamus Besar Bahasa Indonesia*). Tabel menika dipunginakaken supados langkung gampil anggenipun ngandharaken *informasi* saking data ingkang sampun dipunanalisa.

3. Analisis Deskriptif

Wonten ing panaliten menika data dipunanalisis kanthi cara dekriptif. Analisis deskriptif inggih menika ngandharaken kawontenan ingkang kadadosan kanthi sistematis, faktual, akurat trep kaliyan objek ingkang dipunteliti (Nazir, 2009:54).

4. Inferensi

Inferensi tegesipun inggih menika damel dudutan (*Kamus Besar Bahasa Indonesia*). Sasampunipun data-data dipunkempalaken, dipunanalisis, saha

dipunserat wonten ing tabel panaliti damel dudutan adhedhasar analisis ingkang sampun dipunlampahi.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

Wonten ing bab menika badhe dipunandharaken pirembagan data ingkang kapundhut saking novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S. Asiling panaliten ngandharaken data-data saking sumber data ingkang dudutanipun sampun dipunpendhet lajeng dipunserat mawi tabel saengga saged langkung gampil anggenipun maos asilipun. Salajengipun asiling panaliten dipunrembag wonten ing pirembagan mawi deskriptif kualitatif ingkang dipungayutaken kaliyan teori-teori ingkang trep. Wonten ing pungkasanipun pirembagan dipunserat dudutan saengga langkung gampil anggenipun pamaos mangertosi pirembagan wonten ing panliten menika.

A. Asiling Panaliten

Faruk (2016:53) ngandharaken bilih karya sastra saged dados *analogi*, *presentasi*, saha *proyeksi* saking *pola* utawi *relasi* wonten ing pagesangan wonten ing masyarakat kanthi imajiner. Mila saged dipunmangertosi bilih kritik sosial ugi saged kaserat wonten ing salebetipun karya sastra. Novel kalebet salah satunggalipun karya sastra ingkang ngewrat kritik sosial. Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken kritik sosial ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S. Kritik sosial ingkang dipunrembag inggih menika kritik bab moral, pendidikan, kaluwarga, agami, ekonomi, saha budaya amargi novel menika kathah ngrembag bab menika. Wonten ing ngandhap menika dipunserat asiling panaliten ingkang wujudipun tabel data.

1. Kritik sosial bab moral wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S.

Tabel 4. Kritik sosial bab moral

No.	Kutipan	Kaca	Kritik Bab Moral
1.	Rodhaning urip pancen pindha cakra mangilingan, kala-kala ing ngisor, nanging ing wektu liya bisa ing ndhuwur.	2	Sampun ngantos dados tiyang ingkang gumedhe amargi pagesangan menika cakra manggilingan.
2.	Krungu wangsulane tukang becak mau, Kanaya malah dadi trenyuh. Genea sanajan amung tukang becak nanging nduweni kaeklasan ati kang gedhe. Ora mburu bandha donya, nanging ngluru bandha swarga.	9	Kaeklasan ati menika mbeta kabecikan.
3.	“Urip kuwi pancen pilihan, ananging awake dhewe ora bisa milih ing ngendi awake dewe lair apa mati. ... Mula kabeh pilihan urip mbutuhake pikiran sing ening lan wening.”	2	Pamanggih menika saenipun ingkang ening lan wening.
4.	“Iya, Ndhuk. Amung iki sing isa Budhe tindakake. Biyen ibumu wis nulung Budhe. Lha saiki genti Budhe sing nulung kowe.”	41	Tiyang menika kedah tansah tulung-tinulung.
5.	“Bapak menika mboten pantes sinebat priyayi agung. Bapak sampun nyelaki wayahipun Bapak piyambak. ...”	131	Tiyang menika kedah mawas dhiri.
6.	Priyayi kok ora duwe ati!” celathune Budhe Marni.”	131	Tiyang menika kedah mawas dhiri.

2. Kritik sosial bab pendidhikan wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S

Tabel 5. Kritik sosial bab pendidikan

No.	Kutipan	Kaca	Kritik Bab Pendidikan
1.	“Wis orasah kok pikir bab kuwi. Kowe tetep sekolah tekan dhuwur. Paling ora tekan SMK supaya bisa kanggo sangu uripmu. Sokur-sokur bisa kuliah. Sesuk mesthi ana dalan. Tenangna pikirmu ya, Ndhuk.”	41	Sekolah menika sangunipun pagesangan.
2.	“Wis, Ndhuk! Aja dipikir dhisik! Sedhela maneh kowe arep ujian. Sing wigati kowe sinau dhisik sing sregep. Prekara nggoleki Ibumu sesuk manawa kowe wis lulus, kepriye ndhuk? Kanaya manthuk maneh.	47	Sekolah menika sangunipun pagesangan.
3.	“Ssst... awake dhewe isih cilik, Ri. Luwih becik mikir sinau wae supaya pinter”	65	Lare menika langkung becik menggali sinau rumiyin.
4.	“Tut.., sinau dhisik sing bener, ora sah mikir sing aneh-aneh. Ibu kepingin kowe kabeh dadi wong sing kasil.”	113	Lare menika langkung becik menggali sinau rumiyin.
5.	“Wis.. wis.. ora sah padha rame! Manawa rame kapan mengko rampunge? Wis ta, Jun. Kowe gek enggal nggambar wujud omah joglo ing kertas karton kuwi! Kareben bisa enggal dakkethok lan dilem.”	80	Manawi damel tugas menika kedah fokus lan total.

3. Kritik sosial bab kaluwarga wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S

Tabel 6. Kritik sosial bab kaluwarga

No.	Kutipan	Kaca	Kritik Bab Kaluwarga
1.	“... Ananging kula mireng saking sruwing-sruwingipun tanggi sakiwa tengen dalemipun Pak Tomo, Mbak Ratna dipuntundhung kesah amargi Mbak Ratna sampun damel wirang mbak. Ngendhikanipun para tanggi, Mbak Ratna sampun ngandheg saderengipun ningkahan. Lajeng lare jaleripun kala wau mboten purun tanggel jawab. ...”	118	Sampun ngantos ngandheg saderengipun krama.
2.	“Kula menika mbokmanawi angsal murka saking Gusti. Angsal ukum karma. Rumiya kula sampun diparingi anak nanging malah kula siya-siya mboten kula openi. Lha samenika gentos anak kula ingkang nyiya-nyiya kula. Lali marang ibune.”	143	Sampun ngantos ngandheg saderengipun krama.
3.	Sejatine tuwuh rasa ora seneng marang wanita sing lungguh ing sacedhake mau amarga wis tega ninggalake anake. Apa dheweke ora ngrasakake kepriye larane anak sing ditinggal ibune? Rumanga ora dikarepake.	144	Sampun ngantos ngandheg saderengipun krama.
4.	“Lha sing ngancani banjur sapa, Pak? Jian melas temen Kanaya, bocah isih cilik. Gek ora duwe sanak kadang je. Bapake ya ora ngenah sisan.” Mbak Rini urun gunem	20	Bapak kagungan tanggel jawab minangka kepala kaluwarga.

	maneh.		
4.	“... Bu Tomo saha putranipun ingkang jaler-jaler sami manut kaliyan Pak Tomo kepara malah ajrih. Para putra ingkang jaler samenika sedaya dados pulisi. Panci kawit rumiyin menika Pak Tomo nggadahi gegadhangan sedaya putranipun dados pulisi. Pramila Pak Tomo anggenipun ndhidhik para putra kanthi disiplin. Saged dipunwastani keras ...”	117	Bapak kagungan tanggel jawab minangka kepala kaluwarga.
5.	“Walah mesakke tenan, ibu apa kuwi, tega mateni anake. Kewan wae ora kaya ngono. Coba dakmelu maca, Pak. Endi ariwartine!”	39	Sampun ngantos tiyang menika nilar putranipun amargi kewan kemawon boten badhe kados mekaten.
6.	“... Enget Pak, sato kewan kemawon mboten badhe nilar anakipun. Lha menika, panjenengan malah selak boten nganeki. Mboten menapa-manapa Pak. Kula ingkang badhe nggulawentah lare menika manawi panjenengan boten ngakeni Wis ayo, Ndhuk bali wae! Ora sah mikir kaluwargamu maneh. Aku iki kaluwargamu.”	130	Sampun ngantos tiyang menika nilar putranipun amargi kewan kemawon boten badhe kados mekaten.

4. Kritik sosial bab agami wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S

Tabel 7. Kritik sosial bab agami

No.	Kutipan	Kaca	Kritik Bab Agami
1.	“Huush...! Ora pareng matur kaya ngono. Manungsa kuwi mung sadrema nglakoni apa sing dadi kersane Gusti. Kowe kudu pasrah sumarah marang Gusti kang Maha Kuwasa. Ndedonga, manembah, manekung, nyenyuwun marng Gusti supaya kersa paring kasarasan marang ibumu.”	33	Tiyang menika sadrema nindakaken menapa kersanipun Gusti.
2.	“... Ibu ora kepingin pisah karo kowe. Nanging titah kuwi mung sadrema nglakoni apa sing dadi pepesthene Gusti, awake dhewe ora ngerti apa sing dadi kersane Gusti. Mula awake dhewe kudu tansah ndedonga lan pasrah sumarah, narima ing pandum.”	35	Tiyang menika sadrema nindakaken menapa kersanipun Gusti.
3.	Sejatine Mbak Marni ora tega nggugah bocah mau, ananging Mbak Marni tetep nggugah bocah-bocah mau saperlu ngajak salat subuh.	42	Tiyang ingkang kagungan agami kedah nindakaken kewajibanipun.
4.	Wis ayo padha salat, wis wayah Maghrib!” Budhe Marni ngajak bocah-bocah padha salat.	49	Tiyang ingkang kagungan agami kedah nindakaken kewajibanipun.

5.	“... Sanajan uripe Budhe Marni ya sarwa kekurangan nanging Budhe Marni percaya manawa Gusti ora sare...”	47	Gusti menika boten sare mila tiyang kedah tansah pitados.
6.	“Wis, Ndhuk. Gusti Allah kuwi ora sare. Mesthi wae ana piwales marang wong-wong sing wis tumindhak duraka,”	134	Gusti menika boten sare mila tiyang kedah tansah pitados.

5. Kritik sosial bab ekonomi wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S

Tabel 8. Kritik sosial bab ekonomi

No.	Kutipan	Kaca	Kritik Bab Ekonomi
1.	Rampung anggone masak mie, sakaluwarga banjur padha maem bebarengan. Katon rukun lan nyenengake sanajan sing dimaem ya mung prasaja. Pancen kabagyan kuwi ora mung didelok saka akehe bandha donya, ananging uga bisa saka guyub rukuning kaluwarga.	62	Bandha menika sanes ukuranipun kabagyan.
2.	“Ibu lagi tindakan, manawa bapakku lagi makarya. Ya kaya ngene Nay. Omahku pancen sepi. Mulane aku seng manawa kowe dolan nang omahku”.	116	Bandha menika sanes ukuranipun kabagyan.
3.	Mbak Marni lemes krungu ngendhikane Dhoter Daru. Pikirane werna-werna. Dheweke bingung kepriye nasibe Kanaya? Sapa sing arep bayar bea rumah sakite Bu Yati? Mbak Marni dhewe sejatine amung wong sing biyen nyewa ing kontrakane Bu Yati.	24	Bandha dipunbetahaken kangge nglampahi pagesangan.

4.	“... Saliyane kuwi tes DNA kuwi ora gampang. Butuh wragad gedhe, lan mesthi uga ruwet.”	134	Bandha dipunbetahaken kangge nglampahi pagesangan.
5.	“Wong kuwi mung sawang-sinawang kok, Tik. Manawa bisa wae aku malah kepingin kaya kowe, ora nyambut gawe nanging bisa mangan enak, tetep ayu, bisa blonja-blonjo kaya <i>sosialita</i> . Kuwi sing diarani M3.”	150	Tiyang menika namung sawang-sinawang.

6. Kritik sosial bab budaya wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S

Tabel 9. Kritik sosial bab budaya

No.	Kutipan	Kaca	Kritik Bab Budaya
1.	Kanaya luwih milih numpak becak sing digenjot.	147	Ewahipun budaya saged damel sipatipun tiyang ewah.
2.	“Wah.. kaya ngene iki ta kamar ing hotel bintang lima kuwi. Mlebu wae ora nganggo kunci, mung nganggo alat apa kuwi, embuh ora ngerti anggone ngarani. Uapik tenan ya,” ngendhikane Pak Edi gumun banget	163	Teknologi saged damel pagesangan langkung <i>efisien</i> .
3.	Dheweke wis ora krasan manggon ing Jakarta, kutha gedhe kang krasa panas.	178	Papan panggenan ingkang sampun maju dereng tamtu damel tiyang ngraos betah.

B. Pirembagan

1. Kritik sosial bab moral wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S.

Minangka tiyang ingkang gesang wonten ing masyarakat tamtu kedah gadhah etika supados saged njagi kawontenan ingkang harmonis. Berbudi bawa laksana, inggih menika salah satunggaling paribasan Jawa ingkang dipunginakaken dados dhasaring etika Jawa utawi piwulang moral tiyang Jawa. Hadiatmaja (2011:48) ngandharaken bilih berbudi bawa laksana tegesipun, manungsa menika kedah kagungan sipat andhap asor saha tansah dipunpenggallih rumiyin nalika badhe tumindak.

Wonten ing ngandhap menika badhe dipunandharaken kritik sosial bab moral wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S.

- a. Sampun ngantos dados tiyang ingkang gumedhe amargi pagesangan menika cakra manggilingan

Pagesangan wonten ing donya menika cakra manggilingan, kadangkala kawontenan nasibipun wonten ing ngandhap saged ugi wonten inggil. Kadosta ingkang dipunlampahi dening Kanaya, tokoh utama wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*.

Rodhaning urip pancen pindha cakra mangilingan, kala-kala ing ngisor, nanging ing wektu liya bisa ing ndhuwur. (SH, 2017:2)

Ukara menika dipunserat kaliyan panganggit wonten ing wiwitanipun cariyos. Ukara menika dipundadosaken kritik dhateng Pak

Tomo, simbahipun Kanaya, ingkang kala rumiyin boten ngakeni Kanaya minangka putunipun. Dipunandharaken bilih sasampunipun dados sarjana, Kanaya angsal beasiswa kangge neraken studi S2 wonten ing mancanegara. Sasampunipun S2 piyambakipun makarya wonten ing Kutha Jakarta (SH, 2017:3). Kanaya, ingkang sampun dados tiyang ingkang kasil, kepanggih malih kaliyan Pak Tomo ingkang sampun sepuh saha ngangem kursi roda. Kanaya kalih Pak Tomo kepanggih wonten ing rumah sakit nalika Kanaya ndugikaken korban kacilakaan, ingkang estunipun putrinipun Pak Tomo utawi ibu kandungipun Kanaya. Sabibaripun Ratna, korban kacilakaan, ibu kadungipun seda, tanpa ngemut-emut menapa ingkang sampun dipundamel Pak Tomo kala rumiyin. Kanaya kondur wonten ing Ngayogyakarta supados saged ngrimat Pak Tomo saha Bu Tomo ingkang sampun gerah saha sepuh (SH, 2017:179).

Awit saking andharan wonten ing nginggil saged dipunmangertosi bilih ukara, rodhaning urip pancen pindha cakra mangilingan, kala-kala ing ngisor, nanging ing wektu liya bisa ing ndhuwur dipundadosaken kritik moral dhateng tumindakipun Pak Tomo ingkang nalika taksih gadhah kuwaos sampun gumedhe awit saking nyelaki putunipun piyambak tanpa menggalih bilih piyambakipun samangke saged wonten ing ngandhap saha mbetahaken pitulunganipun tiyang sanes amargi pagesangan menika cakra manggilingan.

b. Kaeklasan ati menika mbeta kabecikan

Ikhlas inggih punika satunggaling piwulang moral ingkang kedah dipungadhahi dening sedaya tiyang ingkang gesang wonten ing pagesangan punika. Mawi ati ingkang resik ikhlas menika saged mbeta simpati saking tiyang sanes.

Krungu wangsulane tukang becak mau, Kanaya malah dadi trenyuh. Genea sanajan amung tukang becak nanging nduweni kaeklasan ati kang gedhe. Ora mburu bandha donya, nanging ngluru bandha swarga. (SH, 2017:9)

Kutipan menika dumadi nalika Kanaya, ingkang sampun diwasa, badhe tindhak dhateng Bantul madosi kaluwarganipun. Kanaya ingkang nginep wonten ing kutha, milih nitih becak nalika wonten ing Yogyakarta. Nalika nyuwun pirsu reginipun, tukang becakipun mangsuli “*Mangga sakersanipun kemawon*” (SH, 2017:9), ingkang damel Kanaya trenyuh. Awit saking punika saged dipunmangertosi bilih kaekhlasan ati menika mbeta kabecikan. Ukara menika dipundadosaken kritik moral saha pangemut dhateng Kanaya supados tansah ikhlas nglampahi menapa kemawon wonten ing pagesangan punika, amarga kanthi ati ingkang ikhlas saged mbeta kabecikan.

c. Pamanggih menika saenipun ingkang ening lan wening

Waspada gadhah teges bilih tiyang menika kedah awas saha ngatos-atos. Salah satunggalipun inggih waspada dhateng hawa napsu ingkang wonten ing salebetipun piyambakipun. Supados saged waspada dhateng hawa napsu tiyang kedah tansah gadhahi pamanggih ingkang

ening lan wening. Wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*, SH (2017:2), dipunandharaken,

Urip kuwi pancen pilihan, ananging awake dhewe ora bisa milih ing ngendi awake dewe lair apa mati. ...Mula kabeh pilihan urip mbutuhake pikiran sing ening lan wening. (SH, 2017:2)

Kanaya, ingkang sampun dados tiyang ingkang kasil, kemutan bilih rumiyin piyambakipun inggih bocah lola ingkang boten mangertos bilih sejatosipun namung bocah pupon. Nalika sampun mangertos bilih piyambakipun namung bocah pupon Kanaya gadhah krenteg kangge pados kaluwarganipun. “Kanaya kepingin nggoleki Ibu, Budhe.” (SH, 2017: 47) aturipun Kanaya dhateng Budhe Marni, tiyang ingkang nggulawentah Kanaya. Salaminipun ndherek Budhe Marni Kanaya tansah pados kaluwarganipun, ananging Kanaya saweg kepanggih kaliyan simbahipun nalika sampun SMA. Simbahipun, Pak Tomo, boten purun ngakeni Kanaya minangka wayahipun, ngendhikanipun Pak Tomo, “Lan kowe ndhuk, aja sepisan-pisan kowe mrengs maneh. Aja ngaku-ngaku...” (SH, 2017:131). Ukara menika tamtu damel tatu wonten ing ati, ananging Kanaya, kanthi ening lan wening gadhah pamanggih, dheweke kepingin nuduhake marang wong-wong sing wis gawe tatu atine, manawa urip bisa kasil tanpa pambiyantune wong-wong mau (SH. 2017:135). Caranipun inggih mawi pamanggih ingkang ening lan wening.

Andharan wonten ing nginggil ngandharaken kritik moral saha pangemut dhateng Kanaya piyambak supados tansah gadhah pamanggih ingkang eling lan wening sanadjan atinipun sampun dipundamel tatu kaliyan tiyang sanes.

d. Tiyang menika kedah tansah tulung-tinulung

Tulung tinulung inggih menika sipat ingkang dipungadhahi kaliyan sedaya tiyang. Sekelompok tiyang wonten ing satunggaling panggenan langkung becik manawi tansah tulung-tinulung dhateng sesami saengga saged damel kawontenan ingkang harmonis.

“Iya, Ndhuk. Amung iki sing isa Budhe tindakake. Biyen ibumu wis nulung Budhe. Lha saiki genti Budhe sing nulung kowe.” (SH, 2017:41)

Budhe Marni ngandharaken ukara menika nalika Kanaya ngaturaken panuwun amargi Budhe Marni sampun paring pambiyantu nyepakaken adicara tahlilanipun Bu Yati. Budhe Marni ingkang rumiyin nate dipunbiyantu dhateng Bu Yati rumaos kedah paring pambiyantu dhateng Kanaya amargi manungsa menia kedah tulung tinulung. Mila nalika Kanaya ngaturaken panuwun, Budhe Marni paring kritik ingkang wujudipun pangemut bilih piyambakipun rumiyin sampun nate dipuntulung mila samenika gantos paring pitulungan, utawi saged dipundudut bilih tiyang menika kedah tansah tulung-tinulung.

e. Tiyang menika kedah mawas dhiri

Mawas dhiri gadhah teges bilih tiyang menika kedah mangertosi kados pundi tindak-tandukipun piyambakipun. Tiyang kedah empan papan saengga boten damel tatu tiyang sanes nalika wicantenan,

“Bapak menika mboten pantes sinebat priyayi agung. Bapak sampun nyelaki wayahipun Bapak piyambak. ...” (SH, 2017:131)

Ukara menika dipunandharaken dening Budhe Marni nalika kaluwarganipun sowan dhateng griyanipun Bapak Sutomo saperlu nyuwun pirsa menapa piyambakipun kagungan putra ingkang naminipun Ratna, ingkang dipunduga minangka Ibu ingkang sampun miyosaken Kanaya. Ananging Bapak Sutomo, minangka salah satunggaling priyayi agung ingkang kagungan jabatan wonten ing kepolisian boten nampi menapa ingkang dipunandharaken dening Budhe Marni. Ukara ingkang dipunandharaken dening Budhe Marni menika dados kritik dhateng tindak-tandukipun Bapak Sutomo ingkang damel tatu wonten ing atinipun Kanaya saha Budhe Marni.

“Priyayi kok ora duwe ati!” celathune Budhe Marni.” (SH, 2017:131).

Kanaya saha Budhe Marni atinipun tatu sanget amargi sasanesipun didukani, piyambakipun sakaluwarga ingkang sami sowan dhateng griyanipun Bapak Sutomo dipuntundhung. Ukaranipun Budhe Marni saged dipunsebat kritik dhateng Pak Tomo minangka priyayi agung ingkang boten kagungan ati. Priyayi agung inggih menika tiyang ingkang dipundadosaken tuladha wonten ing masyarakat. Mila kirang trep saha saged mbeta kawontenan sosial ingkang kirang sae manawi wonten priyayi agung ingkang boten kagungan ati kados Pak Tomo.

Awit saking punika dipunmangertosi bilih andharan wonten nginggil dados kritik moral dhateng Pak Tomo minangka priyayi ingkang

ora duwe ati. Tumindakipun priyayi ingkang kados mekaten saged damel kawontenan ingkang boten harmonis wonten ing masyarakat.

2. Kritik sosial bab pendhidhikan wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S

Pendhidhikan minangka salah satunggaling cara supados tiyang gadhah pamanggih ingkang becik lan diwasa tamtu wigati sanget wonten ing pagesangan menika. Mawi pendhidhikan ingkang sae saged dipundamel kawontenan ingkang harmonis wonten ing masyarakat. Ananging, anggenipun nglampahi proses pendhidhikan tamtu wonten perkawis-perkawis ingkang medal.

Wonten ing ngandhap menika badhe dipunandharaken kritik sosial bab pendhidhikan wonten ing Novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S.

a. Sekolah menika sangunipun pagesangan

Wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*, Kanaya, tokoh utaminipun dipuncariyosaken minangka bocah ingkang taksih sekolah. Wonten ing ngandhap punika dipunserat kutipan ingkang ngandharaken kritik sosial bab pendhidhikan.

“Wis ora sah kok pikir bab kuwi. Kowe tetep kudu sekolah tekan dhuwur. Paling ora tekan SMK supaya bisa kanggo sangu uripmu. Sokur-sokur bisa kuliah. Sesuk mesthi ana dalan. Tenangna pikrmu ya, Ndhuk.” (SH, 2017:41)

Ukara menika kadadosan nalika Kanaya ngaturaken panuwun dhateng Budhe Marni amargi sampun paring pambiyantu wonten ing adicara pengajian tigang dintenipun Bu Yati. Nalika Budhe Marni ngaken Kanaya istirahat, Kanaya ingkang taksih SD nyuwun pirsu dhateng Budhe

Marni kedah sekolah menapa boten lajeng dipunwangsulih kalih Budhe Marni bilih Kanaya kedah sekolah amargi sekolah menika wigatos sanget lan saged dados sangu wonten ing pagesangan menika. Trep kaliyan *Program Indonesia Pintar* ingkang dipunatur wonten ing *Instruksi Presiden* No. 7 Tahun 2014, bilih sedaya warga menika dipunusahakaken kedah sekolah sasekedhikipun 12 taun. Andharan bilih sekolah menika wigatos sanget ugi dipunserat wonten ing ngandhap punika.

“Wis, Ndhuk! Aja dipikir dhisik! Sedhela maneh kowe arep ujian. Sing wigati kowe sinau dhisik sing sregep. Prekara nggoleki Ibu sing sesuk manawa kowe wis lulus, kepriye ndhuk?” Kanaya manthuk maneh. (SH, 2017:47)

Nalika sampun dangu anggenipun ibunipun seda, mawi satunggaling layang Kanaya mangertos bilih piyambakipun sanes putra kandungipun Bu Yati. Kasunyatan menika damel Kanaya kepengen mangertos kawontenan ibu kandungipun. Ananging Budhe Marni naweni Kanaya supados sabibaripun ujian kemawon anggenipun madosi ibunipun. Budhe Marni ngendhika kados menika supados Kanaya saged fokus anggenipun sinau rumiyin. Ukara ingkang dipunandharaken dening Budhe Marni dados kritik saha *support* dhateng Kanaya supados tansah semangat sekolah.

b. Lare menika langkung becik menggalih sinau rumiyin

Minangka lare ingkang taksih sekolah langkung becik menggalih sinau rumiyin. Wonten ing SH (2017:65) dipunadharken bilih Kanaya matur,

“Ssst... awake dhewe isih cilik, Ri. Luwih becik mikir sinau wae supaya pinter”.

Ukara menika dumadi nalika Kanaya taksih SMP. Kanca sekelasipun, Sari, nggodani Kanaya amarga Herjuna katingal seneng kalih Kanaya. Wonten ing wekdal menika Sari matur, “Eh, Nay ketoke Juna seneng kowe lho.” (SH, 2017:65). Salajengipun Kanaya, mangsuli bilih minangka lare menika kedahipun fokus sinau supados saged dados lare ingkang pinter. Saking andharan menika dipunmangertosi bilih ukara ingkang dipunandharaken Kanaya menika dados kritik dhateng Sari supados boten menggalih bab katresnan rumiyin amargi Kanaya, Sari, saha Herjuna menika taksih lare ingkang taksih sekolah dados langkung becik manawi nggegulang kawruh supados saged dados tiyang ingkang pinter. Panganggit ugi ngandharaken bab menika wonten ing kaca 113 kadosta,

“Tut, sinau dhisik sing bener ora sah mikir sing aneh-aneh. Ibu kepengin kowe kabeh dadi wong sing kasil.” (SH, 2017:113)

Ukara menika kadadosan nalika Kanaya, Tutik, lan Budhe Marni wicantenan wonten ing griya sinambi madhahi panganan saperlu rapat RT. Wonten ing wekdal menika Kanaya kirang fokus anggenipun nglebetaken jajanan ingkang damel Budhe Marni nggumun sebabipun, lajeng taken marang Kanaya, “Ana apa ta, Nay? Kok Budhe waspadakake kawit mau mung nggregeli wae?”. Kanaya namung mangsuli bilih boten wonten menapa-napa, ingkang damel Tutik nggodhani Kanaya kadosta, “Ora ana

apa-apa kok gugup. Lagi jatuh cinta ya...?”. Lajeng Kanaya semaur bilih sejatosipun Tutik ingkang saweg jatuh cinta, amargi Kanaya nate mriksani Tutik dipundugikaken kaliyan tiyang kakung ananging boten dugi griya. Andharipun Kanaya damel Budhe Marni ngendika bilih minangka lare ingkang taksih sekolah menika langkung sae manawi boten mikir ingkang aneh-aneh amargi sedaya tiyang sepuh kepengen kagungan lare ingkang saged dados lare ingkang kasil.

Ukara menika dados kritik saha pangemut bab pendhidhikan saking Budhe Marni dhateng Tutik saha Kanaya bilih lare ingkang taksih sekolah menika kedah fokus kangge sinau ugi langkung becik manawi boten menggalih bab katresnan amargi sedaya tiyang sepuh menika kepengen kagungan lare ingkang kasil lan pendhidhikan dados salah satunggaling cara supados saged tiyang ingkang kasil.

c. Manawi damel tugas sekolah menika kedah fokus lan total

Minangka lare ingkang taksih sekolah, Kanaya tamtu gadhah tugas-tugas saking guru ingkang kedah dipundamel wonten ing griya. Dipunandharaken wonten ing salabetipun novel bilih Kanaya matur,

“Wis.. wis.. ora sah padha rame! Manawa rame kapan mengko rampunge? Wis ta, Jun. Kowe gek enggal nggambar wujud omah joglo ing kertas karton kuwi! Kareben bisa enggal dak kethok lan dilem.” (2017:80).

Nalika piyambakipun damel tugas sesarengan kaliyan Sari lan Herjuna wonten ing griyanipun Sari, Kanaya matur kados mekaten amargi Sari lan Herjuna kathah anggenipun wicantenan nalika damel tugas. Kanaya rumaos bilih anggenipun damel tugas menika kedah fokus supados saged

enggal anggenipun dados. Mila ukara ingkang dipunandharaken Kanaya menika dados kritik bab pendhidhikan kangge Sari saha Herjuna ingkang langkung asring geguyon supados saged langkung fokus anggenipun damel tugas. Supados samangke manawi tugasipun sampun dados saged leren sesarengan.

3. Kritik sosial bab kaluwarga wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S

Kaluwarga inggih menika satunggal kelompok tiyang ingkang anggotanipun bapak, ibu, anak, saha sedulur sanesipun ingkang gadhah hubungan darah saha gesang wonten ing satunggal griya. Wonten kawruh-kawruh ingkang namung saged dipunpendhet wonten ing kaluwarga. Kawruh menika salajengipun saged dados salah satunggaling sebab solah bawanipun tiyang.

Wonten ing ngandhap menika badhe dipunandharaken kritik sosial bab kaluwarga ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel Kori Wus Tinarbuka.

a. Sampun ngantos ngandheg saderengipun krama

Wonten ing Indonesia, lare menika saged wonten ing pagesangan punika manawi tiyang putri ingkang sampun krama menika ngandheg lajeng bayinipun dipunwiyosaken. Manawi tiyang putri ingkang dereng krama menika sampun ngandheg saged damel kawontenan ingkang kirang sae wonten ing kaluwarga menapa dene wonten ing masyarakat.

“... Ananging kula mireng saking sruwing-sruwingipun tanggi sakiwa tengen dalemipun Pak Tomo, Mbak Ratna dipuntundhung kesah amargi Mbak Ratna sampun damel wirang mbak. Ngendhikanipun para tanggi, Mbak Ratna sampun ngandheg saderengipun ningkahan. Lajeng lare jaleripun kala wau mboten purun tanggel jawab. ...” (SH, 2017:118)

Ukara menika dipuncariyosaken kaliyan Mbak Sur -ingkang rumiyin rewang wonten ing kaluwarganipun Pak Tomo, dhateng Kanaya. Ukara menika dipundadosaken kritik dhateng tindak tandukipun Ratna, tiyang putri ingkang sampun ngandheg saderengipun ningkah. Ratna ingkang sampun ngandheg dipuntundhung kesah kaliyan tiyang sepuhipun. Sabibaripun miyosaken bayinipun Ratna mbucal bayi menika wonten ing griyanipun Yati (SH, 2017:46). Tindak tandukipun Ratna menika sasanipun boten trep kaliyan tata krami ugi saged damel *murkaning* Gusti kadosta,

“Kula menika mbokmanawi angsal murka saking Gusti. Angsal ukum karma. Rumiyin kula sampun diparingi anak nanging malah kula siya-siya mboten kula openi. Lha samenika gentos anak kula ingkang nyiya-nyiya kula. Lali marang ibune.” (SH, 2017:143)

Wonten ing salebetipun kereta ingkang badhe tindhak dhateng Jogja, Ratna ngandharaken ukara menika dhateng Kanaya tanpa mangertos bilih sejatosipun kekalihipun ibu-anak. Ratna ingkang sampun mbucal bayinipun lajeng krama kaliyan polisi ingkang dipunjodokaken kaliyan bapakipun. Ananging nalika sampun radi dangu anggenipun krama, Ratna dipunpegat kaliyan garwanipun amargi wonten wanita ingkang langkung ayu saking Ratna. Larenipun Ratna ugi boten purun aruh-aruh malih kaliyan Ratna sasampunipun krama (SH, 2017:142-143). Awit saking punika Ratna rumaos angsal karma saha murkaning Gusti amargi nate mbucal bayi ingkang boten gadhah kalepatan menapa. Kanaya ingkang mireng cariyos menika rumaos mboten remen.

Sejatine tuwuh rasa ora seneng marang wanita sing lungguh ing sacedhake mau amarga wis tega ninggalake anake. Apa dheweke ora ngrasakake kepriye larane anak sing ditinggal ibune? Rumanga ora dikarepake. (SH, 2017:144).

Kanaya rumaos boten remen amargi ibu menika sampun tega damel tatu wonten ing atinipun lare ingkang dipunbucal. Kanaya rumaos kemutan kaliyan tatu ingkang nate dipunlampahi dening piyambakipun, ingkang damel Kanaya boten mangertos sejatosipun sinten ingkang saged dipunsebat ibu ngantos dumugi diwasa (SH, 2017:4).

Awit saking andharan wonten ing nginggil saged dipunmangertosi kritik dhateng Ratna minangka tiyang putri ingkang ngandheg saderengipun krama. Tindak-tanduk kados menika sasanesipun damel kawontenan wonten ing kaluwarga menapa dene masyarakat menika kirang sae ugi saged mbeta murkaning Gusti, saha saged damel tatu wonten ing atinipun lare ingkang dipunwiyosaken lajeng dipunbucal. Mila minangka tiyang putri kedah ngatos-atos anggenipun tumindak, sampun nganto ngandheg saderenipun krama.

b. Bapak kagungan tanggel jawab minangka kepala kaluwarga

Wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka* kaserat kritik sosial bab kaluwarga inkang ancasipun kangge ngandharaken tugasipun bapak minangka kepala kaluwarga.

“Lha sing ngancani banjur sapa, Pak? Jian melas temen Kanaya, bocah isih cilik. Gek ora duwe sanak kadang je. Bapake ya ora ngenah sisan.” Mbak Rini urun gunem maneh. (SH, 2017:20)

Mbak Rini-tangginipun Kanaya, ngendika kados menika nalika Bu Yati semaput wonten ing kolah lajeng kedah dipunbeta dhateng

Wirosaban. Mbak Rini rumaos mesakake mirsani kawontenanipun Kanaya ingkang taksih kelas VI SD ananging Ibunipun gerah stroke, lan bapakipun boten mangertos wonten pundi papanipun. Dipunserat wonten ing SH (2017:24) bilih bapakipun minggat kaliyan wanita sanes sabibaripun nyade kontrakan kagunganipun Bu Yati nalika Kanaya taksih 3 taun. Tindak tanduk bapakipun Kanaya menika boten trep kaliyan norma kaluwarga ingkang wonten amargi bapak kagungan kawajiban njagi kaluwarganipun (Nurhadi, 2008:66). Mila ukara ingkang dipunandharaken dhateng Mbak Rini wonten ing nginggil menika kalebet kritik kangge bapakipun Kanaya ingkang boten nglaksanakaken kawajiban minangka kepala kaluwarga.

Sasanesipun njagi kaluwarga saking mara bahaya bapak ugi kagungan tugas mendhet katetepan ingkang saged mbeta kawontenan ingkang harmonis wonten ing kaluwarga.

“... Bu Tomo saha putranipun ingkang jaler-jaler sami manut kaliyan Pak Tomo kepara malah ajrih. Para putra ingkang jaler samenika sedaya dados pulisi. Panci kawit rumiyin menika Pak Tomo nggadhahi gegadhangan sedaya putranipun dados pulisi. Pramila Pak Tomo anggenipun ndhidhik para putra kanthi disiplin. Saged dipunwastani keras ...” (SH, 2017:117)

Ukara menika dipunandharken kaliyan Mbak Sur nalika nyariyosaken kaluwarganipun Mbak Ratna dhateng Kanaya. Ukara wonten ing nginggil punika dipundadosaken kritik dhateng tindak-tandukipun Pak Tomo minangka kepala kaluwarga. Salaminipun dados kepala kaluwarga, Pak Tomo nggadhahi sipat ingkang keras ingkang damel garwa saha putranipun ajrih. Pak Tomo ugi boten demokratis menika dipunmangertosi

saking pepinginan dadadosaken sedaya putranipun pulisi, tanpa nggatosaken pepinginan putranipun. Bapak inggih punika tiyang ingkang saged mendhet katetepan wonten ing kaluwarga adhedhasar kaliyan kawontenan saha kapinginan anggota kaluwarga kanthi demokratis. Sipat ingkang boten demokratis wonten ing kaluwarga saged mbeta pengaruh negatif. Kadosta Ratna ingkang boten sarujuk kaliyan pepinginanipun Pak Tomo damel sedaya putranipun dados polisi. Sasampunipun dipunparingi idi boten dados pulisi, Ratna ingkang milih kuliah kecantol kaliaan lare jaler lanjeng ngandheg saderengipun krama nalika taksih tingkat satunggal (SH, 2017:118). Menika nunjukaken bilih wulangan ingkang keras saha sipat ingkang boten demokratis wonten ing kaluwarga menika saged damel lare tumindak sasenengipun piyambak nalika angsal kebebasan.

Saking andharan wonten ing nginggil dipunmangertosi kritik kangge tindak-tandukipun bapakipun Kanaya ingkang ninggalaken kaluwarganipun saha kangge Pak Tomo ingkang keras saha boten demokratis anggenipun ngrimat lare. Awit saking punika dipunmangertosi bilih bapak kagungan tanggel jawab minangka kepala kaluwarga. Tanggel jawab menika antawisipun njagi kaluwarga saha damel katetepan wonten ing kaluwarga, ananging anggenipun damel katetepan kedah tansah demokratis supados saged damel kawontenan ingkang tansah harmonis wonten ing kaluwarga.

c. Sampun ngantos tiyang menika nilar putranipun amargi kewan kemawon boten badhe kados mekaten

Lare inggih menika salah satunggaling anggota kaluwarga ingkang paling alit ingkang kedah dipunrimat kalih bapak saha ibunipun. Ananging kadangkala wonten lare ingkang boten dipunremenaken kaliyan tiyang sepuhipun.

“Walah mesakke tenan, ibu apa kuwi, tega mateni anake. Kewan wae ora kaya ngono. Coba dakmelu maca, Pak. Endi ariwartine!” (SH, 2017:88)

Dipunandharaken bilih wonten ing satunggaling enjing Kanaya menyang dhateng perpustakaan saperlu nyambut buku. Ananging kawontenan perpustakaan sepi ingkang damel Kanaya mireng wicantenan antawisipun karyawan kaliyan Bu Dharma, salah satunggaling guru wonten ing sekolah. Pak Eko, Pak Parji, Pak Muji saha Bu Dharma saweg wicantenan bab tiyang sepuh inkang tegel mejahi putranipun piyambak ingkang kaserat wonten ing ariwarti. Bu Dharma ngraos mangkel amargi tindak-tandukipun tiyang ingkang kebangetan langkung saking kewan. Ukara menika dipundadosaken kritik boten langsung kangge tindak-tandukipun Pak Tomo minangka simbah ingkang tega boten ngakeni putunipun kadosta ingkang dipunandharaken Budhe Marni,

“... Enget Pak, sato kewan kemawon mboten badhe nilar anakipun. Lha menika, panjenengan malah selak boten nganeki. Mboten menapa-manapa Pak. Kula ingkang badhe nggulawentah lare menika manawi panjenengan boten ngakeni Wis ayo, Ndhuk bali wae! Ora sah mikir kaluwargamu maneh. Aku iki kaluwargamu.” (SH, 2017:130)

Ukara menika dipunaturaken kaliyan Budhe Marni amargi sampun mangkel sanget kaliyan tindak-tandukipun Pak Tomo. Budhe Marni ngraos bilih Pak Tomo menika priyayi ingkang tindak-tandukipun langkung awon saking kewan amargi tanpa purun ningali bukti-bukti bilih Kanaya menika putunipun, Pak Tomo malah ngrisak bukti-bukti ingkang sampun dipunkempalaken saha nyelaki putunipun piyambak ingkang kewan kemawon boten badhe kados mekaten. Salajengipun Pak Tomo malah ngendhikan sora supados Budhe Marni, Kanaya, saha kaluwarganipun medal saking griyanipun Pak Tomo. (SH, 2017:131)

Saking andharan wonten ing nginggil dipunandharaken kritik bab kaluwarga dhateng tiyang ingkang gadhah tindak-tanduk langkung awon saking kewan, kadosta tiyang ingkang kaserat wonten ing ariwarti saha Pak Tomo ingkang nyelaki putunipun piyambak. Tindak-tanduk ingkang sato kewan kemawon boten badhe kados mekaten. Tindak-tanduk kados mekaten saged dados perkawis wonten ing salebetipun kaluwarga ugi wonten ing masyarakat amargi boten trep kalia norma kaluwarga wonten ing masyarakat saengga damel kawontenan ingkang boten harmonis.

4. Kritik sosial bab agami wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun M.M. Sri Haryanti, S.S.

Kaserat wonten ing Pancasila minangka dhasaring ideologi negara ayat satunggal ingkang uninipun *Ketuhanan Yang Maha Esa*. Ayat pancasila menika negesaken bilih minangka warga Indonesia menika kedah ngrasuk agami ingkang sampun dipunresmikaken kaliyan negara.

Wonten ing ngandhap menika kaserat kritik sosial bab agami ingkang dhasar pirembaganipun agami Islam minangka agama ingkang dipunrasuk kaliyan tiyang wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*.

a. Tiyang menika sadrema nindakaken menapa kersanipun Gusti

Minangka tiyang ingkang ngrasuk agami tamtu kedah pitados kaliyan menapa ingkang sampun dados kersanipun Gusti. Wonten ing ngandhap punika kaserat kritik sosial bab agami ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*.

“Huush...! Ora pareng matur kaya ngono. Manungsa kuwi mung sadrema nglakoni apa sing dadi kersane Gusti. Kowe kudu pasrah sumarah marang Gusti kang Maha Kuwasa. Ndedonga, manembah, manekung, nyenyuwun marng Gusti supaya kersa paring kasarasan marang ibumu.” (SH, 2017:33)

Dipunserat wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka* bilih saderengipun tilar donya, Bu Yati gerah stroke. Kanaya minangka larenipun rumaos kuwatir, “Mangke manawi ibu boten mantun kados pundi, Budhe?” (SH, 2017:33). Pitakenanipun Kanaya menika damel Budhe Marni ngendhika bilih manungsa menika namung sadrema nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken Gusti. Manungsa ugi kedah pasrah sumarah dhateng Gusti. Ngendhikanipun Budhe Marni menika dados salah satunggaling kritik dhateng Kanaya ingkang sampun nggadhahi pamanggih saderenipun kalampahan. Budhe marni ngemutaken bilih minangka tiyang menika namung saged ndedonga, manembah, manengkung, nyeyuwun dhateng Gusti. Andharan bilih tiyang menika

namung sadrema nindakaken menapa kersanipun Gusti ugi kaserat wonten ing kaca 35.

“... Ibu ora kepingin pisah karo kowe. Nanging titah kuwi mung sadrema nglakoni apa sing dadi pepesthene Gusti, awake dhewe ora ngerti apa sing dadi kersane Gusti. Mula awake dhewe kudu tansah ndedonga lan pasrah sumarah, narima ing pandum.” (2017:35)

Nalika Ibunipun taksih koma wonten ing griya sakit. Budhe Marni ngaken Kanaya tilem wonten griya kemawon supados saged leren. Kanaya ingkang piyambak wonten ing griya kemutan kaliyan ngendhikanipun Bu Yati. “Titah kuwi mung sadrema nglakoni apa sing dadi pepesthene Gusti.”, ngendhikanipun Bu Yati rumiyin. Menika nedahaken bilih salaminipun gesang Yati ingkang boten saged kagungan lare, lajeng mupu lare ingkang dipuntemokaken wonten ing sangajengipun lawang, ugi dipuntinggal minggat kaliyan garwanipun, menika tansah pasrah-sumarah dhateng Gusti. Ukaranipun Yati menika dados kritik sosial bab agami ingkang saged dipundadosaken pangemut dhateng Kanaya bilih tiyang menika namung sadrema nindakaken menapa kersanipun Gusti.

b. Tiyang ingkang kagungan agami kedah nindakaken kewajibanipun

Agami satunggal lan sanesipun tamtu gadhah aturan-aturan saha kewajiban ingkang beda. Wonten ing ngandhap punika kaserat kewajiban ingkang kedah dipuntindakaken minangka tiyang ingkang ngrasuk agami ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel Kori Wus Tinarbuka.

Sejatine Mbak Marni ora tega nggugah bocah mau, ananging Mbak Marni tetep nggugah bocah-bocah mau saperlu ngajak salat subuh. (SH, 2017:42)

Dipuncariyosaken wonten ing salebetipun novel bilih nalika enjing Budhe Marni sampun wungu wiwit enjing supados saged nindakaken sholat subuh minangka kewajibanipun tiyang Islam. Trep kaliyan aturan wonten ing agami Islam, minangka tiyang sepuh Marni kedah tansah ngemutaken lare-larenipun supados nindakaken sholat 5 wekdal. Andharan wonten ing nginggil dados kritik dhateng piyambakipun ingkang kadang kala boten tegel nggugah larenipun nalika subuh amargi taksih enjing saha adhem. Piweling billih tiyang Islam menika kedah nindakaken kewajibanipun ugi kaserat wonten ing ngandhap punika.

“Wis ayo padha salat, wis wayah Maghrib!” Budhe Marni ngajak bocah-bocah padha salat. (SH, 2017:49)

Budhe Marni ngedhikakaken ukara wonten ing nginggil nalika sakaluwarga saweg wicantenan bab sekolahipun Kanaya lajeng mlebet wekdal Maghrib. Budhe Marni minangka tiyang sepuh tansah ngemutaken supados putra-putranipun tansah nindakaken kawajiban minangka tiyang Islam. Saking andharan wonten ing nginggil dipunmangetosi kritik bab agami ingkang dipunandaharaken Budhe Marni dhteng kaluwarganipun supados nindakaken shalat rumiyin saengga tansah kemutan bilih minangka tiyang ingkang ngrasuk agami menika kedah nindakaken kewajibanipun trep kaliyan agami ingkang dipunrasuk.

c. Gusti menika boten sare mila tiyang kedah tansah pitados.

Wonten ing agami Islam Gusti inggih menika *dzat* ingkang abadi lan boten nate sare. Mila manawi tiyang sampun ngusahaken ingkang paling

sae lajeng masrahaken sedayanipun dhateng Gusti tamtu saged nglampahi pagesangan menika kanthi sae ugi.

“... Sanajan uripe Budhe Marni ya sarwa kekurangan nanging Budhe Marni percaya manawa Gusti ora sare. Mesthi ana dalan kanggo awake dhewe.” (SH, 2017:47)

Sabibaripun mangertosi bilih Kanaya namung lare puponipun Bu Yati, Budhe Marni kaget saha ngraos sedih awit saking kawontenanipun Kanaya. Raos menika damel Budhe Marni kepengen sanget ngulawentah Kanaya sandyan Marni ugi namung tiyang ingkang sarwa kakirangan. Saking ukara wonten ing nginggil dipunmangertosi bilih Marni ngritik kawontenanipun piyambak ingkang sarwa kakirangan, ananging ukara menika saged dipunsebat kritik saha pangemut bab agami dhateng piyambakipun saha Kanaya supados tansah pitados bilih Gusti menika boten nate sare. Mila Marni pitados bilih Gusti tamtu maringi margi supados piyambakipun saged nggulawentah Kanaya. Wujud kritik kados menika ugi dipunandharken wonten ing,

“Wis, Ndhuk. Gusti Allah kuwi ora sare. Mesthi wae ana piwales marang wong-wong sing wis tumindhak duraka,” (SH, 2017:134)

Ukara menika dipunandharaken kaliyan Marni dhateng Kanaya nalika kondur saking griyanipun Pak Tomo. Marni ngandharake ukara menika supados saged ngleremaken raos tatu wonten ing atinipun Kanaya amargi boten dipunakeni kaliyan Pak Tomo. Saking ukara menika dipunmangertosi bilih Marni pitados bilih Gusti Allah menika boten nate sare, Marni kepengen Kanaya ugi pitados bilih Gusti menika boten nate

sare saengga Kanaya ugi saged pitados bilih tindak-tandukipun Pak Tomo ingkang ala menika saged angsal piwales saking Gusti Allah. Ukaranipun Marni dados pangemut dhateng Kanaya bilih minangka tiyang Islam menika kagungan Gusti ingkang boten nate sare saengga saged paring piwales dhateng sedaya tindak-tandukipun. Ukara menika ugi dados kritik bab agami dhateng Pak Tomo ingkang sampun nindakaken tumindhak ala tanpa kemutan bilih sedaya tumindak wonten piwalesipun.

5. Kritik sosial bab ekonomi wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun M.M. Sri Haryanti, S.S.

Ekonomi inggih menika salah satunggaling perkawis ingkang wigati sanget wonten ing masyarakat. Andhap menapa inggilipun tingkat ekonomi saged damel tiyang gadhah peran ingkang beda wonten ing masyarakat. Tiyang ingkang gadhah tingkat ekonominipun inggil kadangkala langkung dipunormati kaliyan masyarakat. Tiyang ingkang tingkat ekonominipun inggil tamtu langkung gampang anggenipun nyekapi kabutuhan.

Wonten ing ngandhap menika badhe diunandharaken kritik sosial bab ekonomi ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka*.

a. Bandha menika sanes ukuranipun kabagyan

Bandha inggih menika salah satunggaling sarana ingkang saged nyekapi kabutuhan wonten ing pagesangan. Ananging bandha ingkang luwih-luwih wonten ing donya dereng tamtu mbeta kabagyan.

Rampung anggone masak mie, sakaluwarga banjur padha maem bebarengan. Katon rukun lan nyenengake sanajan sing dimaem ya mung prasaja. Pancen kabagyan kuwi ora mung didelok saka akehe

bandha donya, ananging uga bisa saka guyub rukuning kaluwarga. (SH, 2017:62)

Ukara menika dipunserat kaliyan panganggit wonten ing kaca 62 nalika Kanaya saha kaluwarganipun saweg dhahar sesarengan. Dipuncariyosaken wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka* bilih Kanaya saha Budhe Marni menika namung kaluwarga ingkang saged dipunsebat wong ora duwe. Budhe Marni menika namung penjahit ingkang mendhet saking konveksi, dene Pak Edi-garwanipun, namung buruh. Kanaya ugi namung gesang wonten ing satunggaling kamar alit ingkang dipungandheng kaliyan griyanipun Budhe Marni saha kaluwarganipun. Ananging kawontenan menika tansah damel Kanaya rumaos begja anggenipun dipunlampahi sesarengan. Andharan bilih bandha donya menika sanes ukuranipun kabagyan ugi saged dipuntingali wonten ing ngandhap punika.

Ibu lagi tindakan, manawa bapakku lagi makarya. Ya kaya ngene Nay. Omahku pancen sepi. Mulane aku seng manawa kowe dolan nang omahku”. (SH. 2017:116)

Ukara menika dipunserat kaliyan panganggit nalika Kanaya wicantenan kalih Tika kanca SMA-nipun. Kanaya rumaos bilih Tika menika tiyang ingkang begja sanget amargi manawi badhe tindak wonten pundi kemawon wonten ingkang ndugikaken ngangge mobil (SH, 2017:115). Ananging nalika sampun dugi griyanipun Tika, Kanaya rumaos bilih griyanipun Tika menika ageng ananging sepi. Saking andharanipun Tika wonten ing nginggil Kanaya rumaos begja, sanadjan ora kaluwihan

bandha ananging dheweke bisa sinandhing kaluwarga. Sanajan sing dianggep kaluwarga mau wong liya sing wis tansah asuh tresna.

Saking andharan wonten ing nginggil dipunmangertosi kritik sosial bab ekonomi ingkang dados kritik saking Kanaya kangge piyambakipun supados tansah mangertos bilih kabagyan menika boten namung dipuntingali saking kathahipun bandha donya.

b. Bandha dipunbetahaken kangge nglampahi pagesangan

Panci leres bilih bandha ingkang luwih-luwih menika dereng tamtu mbeta kabagyan wonten ing pagesangan. Ananging kirangipun bandha ugi saged damel tiyang rumaos susah anggenipun nglampahi pagesangan, kadosta ingkang dipunrumaosaken Budhe Marni wonten ing ngandhap punika.

Mbak Marni lemes krungu ngendhikane Dhoter Daru. Pikirane werna-werna. Dheweke bingung kepriye nasibe Kanaya? Sapa sing arep bayar bea rumah sakite Bu Yati? Mbak Marni dhewe sejatine amung wong sing biyen nyewa ing kontrakane Bu Yati. (SH, 2017:24)

Andharan menika dipunserat dening panganggit supados saged ngandharaken kawontenan ekonomipun kaluwarganipun Kanaya. Sasampunipun dipuntilar minggat kaliyan bapakipun Kanaya saha Bu Yati namung gadhah satunggal griya alit. Dene Budhe Marni ugi namung satunggaling penjahit ingkang gesang sarwa kakirangan, kamangka dipunbetahaken bea ingkang kathah saperlu ngoperasi Bu Yati. Kawontenan menika damel Budhe Marni bingung lajeng nyuwun tulung dhateng Pak RT. Minangka ketua RT ingkang mangertos kawontenanipun Bu Yati saha kaluwarganipun lajeng ngusulaken bilih bab bea rumah sakit

samangke badhe dipunrembag kaliyan para warga. Saking andharan menika dipunmangertosi bilih kawontenan ekonomi menika gadhah gegayutan ingkang ageng sanget kaliyan pagesangan, ananging kawontenan ingkang kirang menika ugi saged dipunjangkepi manawi wonten gotong royong antawisipun warga wonten ing masyarakat. Kritik kangge kawontenan ekonomi ingkang kirang ugi dipunandharaken kados mekten.

“... Saliyane kuwi tes DNA kuwi ora gampang. Butuh wragad gedhe, lan mesthi uga ruwet.” (SH, 2017:134)

Ukara menika dipunandharaken kaliyan Budhe Marni sakonduripun saking griyanipun Pak Tomo. Tindak-tandukipun Pak Tomo ingkang nyelaki putunipun piyambak tanpa mirsani bukti ingkang wonten damel Pak Edi gadhah kakpinginan nindakaken Tes DNA antawisipun Pak Tomo saha Kanaya. Ananging Budhe Marni ingkang mirengaken lajeng semaur bilih tes DNA menika betahaken wragad ingkang gedhe, dene kaluwarganipun sanes kaluwarga ingkang kathah bandha.

Saking andharan wonten ing nginggil dipunmangertosi kritik sosial bab ekonomi ingkang dipunandharaken kaliyan Budhe Marni kangge kawontenanipun piyambak bilih bandha menika ugi dipunbetahaken kangge nglampahi pagesangan.

c. Tiyang menika namung sawang-sinawang

Bandha ingkang kathah dereng tamtu mbeta kabagyan, ananging kakirangan bandha ugi boten sae. Tiyang menika namung saged nglampahi pagesangan kaliyan nyuwun dhateng Gusti.

“Wong kuwi mung sawang-sinawang kok, Tik. Manawa bisa wae aku malah kepingin kaya kowe, ora nyambut gawe nanging bisa mangan enak, tetep ayu, bisa blonja-blonjo kaya *sosialita*. Kuwi sing diarani M3.” (SH, 2017:150)

Ukara menika dipunandharaken kaliyan Kanaya nalika reuni kaliyan Tika wonten ing hotel ingkang dingge nginep kaliyan Kanaya. Tika rumaos bilih kepenak dados Kanaya amargi saged kagungan pametu piyambak, beda kaliyan Tika, ibu rumah tangga ingkang boten angsal nyambut damel (SH, 2017:150). Ananging Kanaya ngarosaken beda kaliyan Tika. Miturut Kanaya langkung kepenak dados Tika amargi tugasipun namung M3 utawi mangan, manak, macak. Kawontenan tiyang sanes kadangkala panci katingal langkung sae saking kawontenanipun piyambak. Dereng tamtu ingkang katingal sae menika mbeta kabagyan kangge tiyang ingkang nglampahi. Andharan menika dados kritik sosial bab ekonomi dhateng Kanaya saha Tika ingkang ngraosaken bilih kawontenanipun tiyang sanes langkung ngremenaken tinimbang kawontenan piyambakipun kamangka pagesangan menika namung sawang-sinawang.

6. Kritik sosial bab budaya wonten ing salebetipun Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun M.M. Sri Haryanti, S.S.

Budaya inggih menika salah satunggaling aspek ingkang saged damel ewahipun kawontenan wonten ing masyarakat. Ewahipun budaya saged mbeta kawontenan dados langkung sae menapa dene langkung awon. Wonten ing ngandhap menika dipunadharaken kritik sosial bab budaya ingkang damel ewahipun kawontenan wonten ing masyarakat.

a. Ewahipun budaya saged damel sipatipun tiyang ewah

Sipatipun kalebet salah satunggaling aspek ingkang saged ewah amargi ewahipun budaya wonten ing masyarakat. Wonten ing ngandhap menika dipunandharaken bilih kawontenan budaya ingkang sampun ewah ugi saged damel sipatipun tiyang ewah.

Kanaya luwih milih numpak becak sing digenjot. (SH, 2017: 147)

Dipunandharaken wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka* bilih Kanaya, tokoh utama, ingkang rumiyin gesang wonten ing Ngayogyakarta sampun radi lami pindah dhateng Kutha Jakarta amargi makarya wonten ing mrika. Panyerat ngandharaken bilih Kanaya langkung remen nitih becak ingkang dipungenjot tinimbang taksi nalika wonten ing Ngayogyakarta. Ananging becapipun kedah ingkang dipungenjot sanes becak motor, anggenipun milih tukang becak Kanaya ugi milih ingkang radi sepuh. Menika kadadosan amargi Kanaya rumaos bilih supir taksi utawi tukang becak montor kadangkala gadhah sipat ingkang kirang grapyak (SH, 2017:147). Tiyang ingkang sampun radi sepuh saha taksi ngginakaken becak genjot kados jaman rumiyin menika langkung grapyak dene tiyang ingkang sampun ngginakaken becak montor saha taksi menika kirang grapyak dhateng penumpang. Andharan menika nunjukaken bilih ewahipun kawontenan ing Ngayogyakarta ingkang kadadosan amargi *kemajuan teknologi* menika damel sipatipun tiyang menika ewah. Awit saking menika dipunmangertosi bilih Kanaya menika saweg paring kritik

sosial bab budaya dhateng ewahipun kawontenan wonten ing Ngayogyakarta.

b. Teknologi saged damel pagesangan langkung efisien

Ewahipun kawontenan wonten ing pagesangan saged ewah amargi *kemajuan teknologi*. Dipunandharaken wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka* bilih *kemajuan teknologi* saged mbeta bab ingkang sae inggih menika kawontenan ingkang langkung efisien.

“Wah.. kaya ngene iki ta kamar ing hotel bintang lima kuwi. Mlebu wae ora nganggo kunci, mung nganggo alat apa kuwi, embuh ora ngerti anggane ngarani. Upik tenan ya,” ngendhikane Pak Edi gumun banget. (SH, 2017:163)

Wonten ing kaca 160 dipunserat dening panganggit bilih Kanaya menika sampun angsal nomoripun Budhe Marni, tiyang ingkang dipunpadosi Kanaya. Kanaya kepengen sanget enggal-enggal kepanggih malih kaliyan Budhe Marni saha kaluwarganipun, mila Kanaya nelpon Budhe Marni lajeng nyuwun supados Budhe Marni, Pakde Edi, saha Bima tindhak dhateng hotel panggenipun Kanaya nginep. Nalika sampun dugi wonten ing hotel Pakde Edi katingal nggumun sanget kaliyan teknologi *key card lock*, inggih menika mbikak lawang ngginakaken kartu ingkang dipunginakaken wonten ing hotel. “Huss.. aja kaya wong desa ta, Pak! Ngisin-isini!” (SH, 2017 :163) ngendhikanipun Budhe Marni nalika ningali garwanipun ingkang nggumun sanget. Ukara menika dados kritik positif kangge *kemajuan teknologi* ingkang saged damel kawontenan wonten ing pagesangan menika langkung efisien

- c. Papan panggenan ingkang sampun maju dereng tamtu damel tiyang ngraos betah

Gesang wonten ing kutha ingkang sampun maju saha kagungan *teknologi* ingkang sae tamtu ngremenaken amargi mawi *teknologi* ingkang maju tamtu saged mbeta kawontenan ingkang efisien. Ananging *kemajuan teknologi* ugi saged damel kawontenan ingkang kirang ngremenaken kadosta ingkang dipuraosaken Kanaya.

Dheweke wis ora krasan manggon ing Jakarta, kutha gedhe kang krasa panas. (SH, 2017:178)

Salaminipun 5 taun kanaya gesang saha nyambut damel wonten ing Kutha Jakarta. Jakarta inggih menika kutha gedhe ingkang dados ibukota Negara Indonesia. Dipunserat wonten ing kaca 137 bilih wonten ing kutha gedhe kados Jakarta, manawi tiyang boteh saged *adaptasi* kaliyan kawontenan wonten ing kutha gedhe saged damel *stress* kepara *stroke*. Mila nalika wonten *long weekend* utawi libur dangu ingkang kadadosan wonten ing dinten Jemuah, Setu, saha Minggu kathah tiyang Jakarta ingkang liburan dhateng papan sanesipun ingkang langkung *asri*. Kanaya ingkang sampun rumaos boten betah gesang wonten ing Kutha Jakarta salajengipun pindah dhateng Kutha Ngayogyakarta ingkang langkung *asri* ugi supados saged ngrimat simbahipun ingkang sampun gerah lan sepuh. Ukara wonten ing nginggil kalebet salah satunggaling kritik sosial bab budaya ingkang ancasipun ngandharaken bilih ewahipun budaya amargi *kemajuan teknologi* saged damel tiyang rumaos kirang tentrem kaliyan kawontenan ingkang sami kalampahan.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar panaliten *Kritik Sosial wonten ing Novel Kori Wus Tinarbuka anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S.(Analisis Sosiologi Sastra)* saged kapundhut dudutan kados punika :

1. Kritik sosial bab moral ingkang karembag wonten ing salebetipun novel, awujud pratelan ingkang saged dados kritik saha pangemut supados tiyang gadhah sipat ingkang sae, kadosta boten gumedhe, ikhlas, gadhah pamanggih ingkang ening lan wening, tansah tulung tinulung saha kedah mawas dhiri saengga saged mbeta kawontenan ingkang harmonis wonten ing masyarakat.
2. Wonten ing kritik sosial bab pendhidhikan dipunandharaken kritik bilih pendhidhikan menika bab ingkang wigati sanget, mila sedaya tiyang kedah nglampahi menapa ingkang dipunsebat pendhidhikan. Amargi bab menika wigati sanget mila kedah fokus saha total lankung-langkung manawi taksih lare. Supados mawi pendhidhikan ingkang sae saged ngasilaken bab ingkang sae saha migunani.
3. Wonten ing salebetipun novel, dipunrembag kritik sosial bab kaluwarga ingkang ngandharaken kritik bilih supados dados kaluwarga ingkang harmonis menika tiyang kedah taat kaliyan aturan. Kritik supados tiyang menika sampun ngantos saresmi rumiyin manawi dereng ningkah, kritik supados tansah nglaksanakaken kewajiban trep miturut peranipun wonten ing kaluwarga saengga saged boten dados perkawis wonten ing masyarakat.

4. Kritik sosial bab agami ingkang dipunrembag wonten ing panaliten menika awujud kritik supados tiyang tansah nglaksanaken sedaya ingkang sampun dados aturan wonten ing agami ingkang dipunrasuk. Wonten bab menika ugi dipunandharaken kritik bilih tiyang menika kedah tansah pitados dhateng Gusti saengga seged nglampahi sedaya ingkang kadadosan wonten ing pagesangan menika.
5. Kritik sosial bab ekonomi ingkang dipunrembag wonten ing panaliten menika wosipun ngandharaken kritik bilih bandha menika wigati ananging bandha menika boten dados ukuranipun kabagyan. Tiyang menika ugi namung sawang-sinawang mila kedah tansah atur puji syukur dhateng Gusti awit saking sampun dipunparingi rezeki.
6. Wonten ing kritik sosial bab budaya dipunandharaken kritik bilih ewahipun budaya menika saged damel ewahipun kawontenan wonten ing satunggaling papan panggenan, bab ingkang saged damel ewahipun kabudayan inggih menika teknologi. Teknologi ingkang sae tamtu saged damel pagesangan menika langkung efisien ananging *kemajuan* teknologi dereng tamtu damel tiyang betah gesang wonten ing satunggaling panggenan.

B. Pamrayogi

Panaliten menika namung ngrembag bab kritik sosial ingkang kaserat wonten ing salebetipun novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S., wonten ing panaliten salajengipun, saged ngrembag gegayutan antawisipun kritik sosial ingkag kaserat wonten ing salebetipun novel kaliyan kawontenan sosial ingkang sami kalampahan wonten ing masyarakat supados pamaos saged

mangertos menapa kemawon bab ingkang sami saha beda antawisipun karya sastra saha kasunyatan. Panaliten menika saged dados salah satunggaling sumber kawruh ingkang ngrembag kritik sosial ingkang kaserat wonten ing saebetipun novel. Ananging, panliten menika namung ngrembag kritik sosial bab moral, pendhidhikan, kaluwarga, agama, ekonomi, saha budaya. Mila, wonten ing panaliten salajangipun panaliti ugi saged ngrembag kritik sosial bab sanesipun wonten ing salebetipun novel.

Novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S. menika taksih gadhah kathah perkawis ingkang saged dipuntliti. Panaliti ingkang salajengipun saged neliti novel menika mawi teori ingkang sami utawi sosiologi sastra, utawi mawi teori sastra sanesipun kadosta feminisme, strukturalisme, psikologi sastra, saha teori sanesipun.

KAPUSTAKAN

- Akbar, Syahrizal, Retno Winarni, saha Andayani. 2013. *Kajian Sosiologi dan Nilai Pendidikan dalam Novel Tuan Guru karya Salman Faris*. Magister Pendidikan Bahasa Indonesia Program Pascasarjana UNS : Jurnal Pendidikan Bahasa dan Sastra No. 1 (Vol 1).
- Damono, Sapardi Djoko. 1977. *Sosiologi Sastra Sebuah Pengantar Ringkas*. Jakarta : Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Dwiningrum, Siti I. A. 2016. *Pendidikan Sosial Budaya*. Yogyakarta : UNY Press.
- Eshleman, J. Ross. 2007. *The Family : An Introduction*. Michigan University : Google Books (Digital Book).
- Endraswara, Suwardi. 2011. *Bahan Kuliah Sosiologi Sastra*. Yogyakarta : Universitas Negeri Yogyakarta.
- _____. 2005. *Buku Pinter Budaya Jawa*. Yogyakarta : Gelombang Pasang.
- _____. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Widyatama.
- Hadiatmaja, Sarjana. 2011. *Etika Jawa*. Yogyakarta : Grafika Indah.
- Haryanti, S.S., MM. Sri. 2017. *Kori Wus Tinarbuka*. Yogyakarta : Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta.
- Hascaryowati, Genes Woro. 2016. *Kritik Sosial ing Kempalan Geguritan Pasewakan (Kajian Panaliten Sosiologi Sastra)*. Skripsi S1. Yogyakarta : Universitas Negeri Yogyakarta.
- Hutomo. 1991. *Mutiara yang Terlupakan Pengantar Studi Sastra Lisan*. Jawa Timur : HISKI

- Juariah, Siti dan Basrowi. 2010. *Analisis Kondisi Sosil Ekonomi dan Tingkat Pendidikan Masyarakat Desa Srigading, Kecamatan Labuhan Maringgai, Kabupaten Lampung Timur*. Jurnal Ekonomi & Pendidikan No. 1 (Vol. 7). Diambil dari <https://journal.uny.ac.id/index.php/jep/article/view/577>.
- Koentjaraningrat. 2009. *Pengantar Ilmu Antropoogi*. Jakarta : Rineka Cipta.
- MK Ridwan, dkk.2016. *Agama : Antara Cita dan Kritik*. Jurnal Ilmu Aqidah dan Studi Keagamaan No. 1 (Vol 4). Diambil dari <https://journal.stainkudus.ac.id/index.php/Fikrah>
- Nazir, Moh. 2009. *Metode Penelitian*. Bogor : Ghalia Indonesia.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Cetakan Ke-10. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.
- Nurhadi. 2008. *Mengenal Lingkungan Sekitar*. Bandung : Departemen Pendidikan Nasional
- Pasaribu, Rowland B. F. 2015. *Kebudayaan dan Masyarakat*. Semarang : Universitas Dian Nuswantoro.
- Prasetyo, Arif. 2015. *Kritik Sosial dalam Novel Slank 5 Hero dari Atlantis Karya Sukardi Rinakit Pendekatan Sosiologi Sastra*. Skripsi S1. Yogyakarta : Universitas Negeri Yogyakarta.
- Prayogi, Ryan & Danial, Endang. 2016. *Pergeseran Nilai-Nilai Budaya Pada Suku Bonai Sebagai Civic Culture di Kecamatan Bonai Darussalam Kabupaten Rokan Hulu Provinsi Riau*. Jurnal Humanika No. 1 (Vol. 23). Diambil dari <https://ejournal.undip.ac.id/index.php/humanika/article/view/11764>
- Retaningsih, Anisa Octafinda. 2014. *Kritik Sosial dalam Roman Momo Karya Michael Ende (Analisis Sosiologi Sastra)*. Skripsi S1. Yogyakarta : Universitas Negeri Yogyakarta.

- Subandi. 2011. Deskriptif Kualitatif sebagai Suatu Metode dalam Penelitian Pertunjukan. *Jurnal Harmonia*, 2, XI, hlm. 173-179
- Sudjiman, Panuti. 1990. *Kamus Istilah Sastra*. Jakarta: UI Press
- Sumardjo, Jakob, dan Saini K.M. 1997. *Apresiasi Kesusastraan*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Susanto, Dwi. 2016. *Pengantar Kajian Sastra*. Yogyakarta: CAPS.
- Wellek, Rene dan Warren, Austin. 1993. *Teori Kesusastraan*, Terjemahan Melani Budianta. Jakarta : Gramedia.
- Yanti, Citra Salda. 2015. *Religiositas Islam dalam Novel Ratu yang Bersujud Karya Amrizal Mochamad Mahdavi*. Jurnal Humanika No.15 (Vol. 3).
Diambil dari <http://ojs.uho.ac.id/index.php/HUMANIKA/article/view/585>

LAMPIRAN

Lampiran 1. Sinopsis Novel Kori Wus Tinarbuka

Sinopsis Novel Kori Wus Tinarbuka

Anggitanipun MM. Sri Haryanti, S.S

Kanaya (28 taun) inggih menika wanita karir saking Jakarta ingkang dipuntugasi nderek seminar wonten ing Ngayogyakarta. Wonten ing Ngayogyakarta damel Kanaya kemutan rumiyin nalika piyambakipun taksih lare ingkang gesang wonten ing Ngayogyakarta. “Sejatosipun sinten ingkang saged dipunsebat ibu? Bu Yati ingkang sampun ngrimat wiwit alit dumugi 12 taun? Budhe Marni ingkang ngrimat Kanaya dumugi kuliah? Menapa Ibu kandungipun ingkang sampun mbucal Kanaya?”. Kanaya mboten dangu anggenipun menggalih bab menika amargi sampun gadhah *rencana* bilih sabibaripun seminar badhe pados kaluwarganipun Budhe Marni. Nalika seminar sampun badhe bibar Kanaya ugi nate kepanggih Herjuna, kancanipun nalika taksih SMP. Ananging namung sekedhap, Kanaya lajeng madosi kaluwarganipun Budhe Marni wonten ing griyanipun rumiyin ingkang samenika sampun pindah. Menika damel Kanaya bingung.

Nalika taksih 12 taun, Kanaya sampun dados yatim-piatu. Bapakipun minggat sabibaripun nyade griyanipun Yati, ibunipun, nalika Kanaya taksih 3 taun. Dene Yati, ibunipun, seda amargi gerah *stroke*. Dipunbiyantu kaliyan para tangga teparo Kanaya gesang piyambak wonten ing griya alitipun. 40 dinten sabibaripun Yati seda, Kanaya ngresiki barang-barangipun Yati. Tanpa dipunduga, kaserat satunggal seratan ingkang ngandharaken bilih sejatosipun Kanaya namung anak pupon ingkang dipunpanggihi wonten ing sangajengipun

griyanipun Yati, ingkang boten kagungan putra. Mangertosi bab menika, tangginipun, Budhe Marni trenyuh lajeng gadhah niat badhe nggulawentah Kanaya sinaosa kaluwarganipun Marni ugi namung kaluwarga ingkang kakirangan. Sabibaripun nyuwun idi dhateng ingkang kagungan kontrakan, Marni nggabung kontrakanipun kaliyan griya alitipun Kanaya. Sesarengan kaliyan Budhe Marni, Pakde Edi, Mbak Tuti, saha Bima, Kanaya ngraosaken endahipun kagungan kaluwarga sinaosa wonten ing atinipun kepingin sanget madosi ibu kandungipun, ingkang dereng saged dipunlampahi amargi Budhe Marni nyuwun supados Kanaya lulus SD rumiyin.

Kanaya ingkang gadhah biji ujian sae mlebet dhateng SMP ingkang sami kaliyan Tuti, pambarepipun Marni ingkang sampun kelas VIII. Wekdal menika Kanaya nyuwun pirsa malih menapa piyambakipun saged madosi Ibunipun. Sepisan malih Marni nyuwun supados Kanaya fokus kaliyan sekolahipun rumiyin.

Kadosta lare-lare sanesipun, Kanaya ngraosaken endahipun masa SMP sesarengan kaliyan Sari lan Herjuna. Kanaya ugi nate dipunremeni kaliyan Herjuna, ananging boten dipunpenggalih amargi rumaos taksih dados lare ingkang sekolah. Satunggaling wekdal Kanaya menyang piyambak dhateng perpustakaan kangge sinau. Wonten ing perpustakaan sriwing-sriwing Kanaya mireng wicantenanipun tukang kebon, karyawan, saha Bu Guru bab bayi ingkang dipunbucal wonten ing Desa Wonorejo, Bantul. Rumaos bilih rumiyin Bu Yati ugi saking Bantul, Kanaya ingkang kepengen mangertos cariyos lengkapipun nyuwun pirsa dhateng Pak Kebon dipunkancani Mbak Tuti. Mbeta cariyos menika Kanaya nyuwun tulung dhateng Pakde Edi supados dipunpadosaken ibunipun wonten ing

Desa Wonorejo. Sabibaripun dipunpadosi Pakde Edi namung saged ngendika bilih rumiyin saestu wonten bayi ingkang dipunbucal ananging boten mangertos sinten ingkang mbucal.

Wekdal kalampahan Kanaya sampun SMA. Awit saking kapinteranipun Kanaya saged mlebet sekolah favorit wonten ing Ngayogyakarta mawi jalur beasiswa. Wonten ing sekolah menika Kanaya gadhah kanca kenthel, naminipun Tika. Nalika wonten ing griyanipun Tika, Mbak Sur, rewangipun matur bilih Kanaya menika katingal sami kadosta putri majikanipun rumiyin. Gantos dinten, Kanaya ingkang kepengan mangertos cariyos lengkapipun nyuwun pirsu dhateng Mbak Sur mawi alesan bilih piyambakipun kepengen nyerat novel.

Mbeta foto saha alamatipun kaluwarga Pak Tomo, majikanipun Mbak Sur rumiyin, Kanaya mantuk dhateng griyanipun. Kanaya kaget. Nalika mriksani bilih fotonipun kaluwarga Pak Tomo sami kaliyan foto ingkang dipuntinggal kaliyan ibu kandungipun rumiyin. Menapa Kanaya saged kepanggih kaliyan ibu kandungipun? Sesarengan kaliyan Pak RT, Budhe Marni, Pakde Edi, saha Kanaya tindak dhateng griyanipun Pak Tomo. Sanes kepanggih ibunipun, Kanaya malah angsal tatu saking simbahipun ingkang gadhahi sipat ala saengga Kanaya, Budhe Marni, Pakde Edi, saha Pak RT dipuntundung kesah sabibaripun sedaya bukti dipunrisak kaliyan Pak Tomo.

“Theet..” sadar bilih piyambakipun sampun dangu anggenipun jumeneng wonten ing pingir dalan menggalih wonten pundi Budhe Marni saha kaluwarganipun. Kanaya mili mantuk dhateng Jakarta lajeng tindak Ngayogyakarta malih samangke manawi gadhah libur dawa.

Tindak dhateng Ngayogyakarta, Kanaya ingkang biasanipun numpak pesawat milih numpak kereta. Salaminipun numpak kereta Kanaya jejer kaliyan ibu-ibu ingkang pasuryanipun sedih. Ibu-ibu menika nyariyosaken bilih rumiyin nate mbucal larenipun nalika taksih bayi. Cariyos menika damel atinipun Kanaya kirang sreg ananging mriksani pasuryanipun ingkang sedih sanget Kanaya lajeng boten matur menapa-menapa.

Dugi wonten ing Ngayogyakarta kanaya kepanggih rumiyin kaliyan Tika, kancanipun SMA, saderengipun nerasaken pados kaluwarganipun Budhe Marni. Wonten ing margi nalika badhe pados kaluwarganipun Budhe Marni, Kanaya kepanggih kaliyan kurban kacilakan. Kurban kacilakaan menika ibu-ibu ingkang kepanggih kaliyan Kanaya wonten ing kereta. Kurban kacilakaan menika lajeng dipunbeta dhateng Rumah Sakit. Dugi Rumah Sakit atinipun Kanaya seneng sanget amargi saged kepanggih kaliyan Mbak Tuti ingkang nyambut damel wonten ing rumah sakit saengga Kanaya saged kepanggih kaliyan Budhe Marni. Boten menika kemawon, Kanaya ugi kepanggih kaliyan Herjuna ingkang dados dhokter wonten ing mriku. Atinipun Kanaya ngaler-ngidul, sabibaripun seneng kepanggih kaliyan kaluwarganipun Budhe Marni Kanaya mangertosi bilih kurban kacilakaan ingkang saweg kritis menika putranipun Pak Tomo utawi Ibunipun. Boten jodho, nalika Kanaya mangertos bab menika Ratna sampun dipuntimbali dhateng Gusti Allah.

Dipunbiyantu kaliyan Dhokter Herjuna mawi Tes DNA, Kanaya mangertos bilih piyambakipun putunipun Pak Tomo. Kanaya ingkang sampun ikhlas dipuntilar ibunipun lajeng milih *resign* saking padamelanipun wonten ing

Kutha Jakarta lajeng mantuk dhateng Ngayogyakarta supados saged ngrimat Pak Tomo saha Bu Tomo. Sabibaripun sedaya perkawis kalampahan, Kanaya mbangun katresnan sesarengan kalih Dhokter Herjuna.

Lampiran 2. Tabel Data Jinising Kritik Sosial

Tabel 10. Tabel Data Jinising Kritik Sosial

No.	Kutipan	Kaca	Jinisipun					
			Mo	Pd	Kw	Ag	Ek	Bd
1.	Rodhaning urip pancen pindhha cakra mangilingan, kala-kala ing ngisor, nanging ing wektu liya bisa ing ndhuwur.	2	✓	-	-	-	-	-
2.	Krungu wangsulane tukang becak mau, Kanaya malah dadi trenyuh. Genea sanajan amung tukang becak nanging nduweni kaeklasan ati kang gedhe. Ora mburu bandha donya, nanging ngluru bandha swarga.	9	✓	-	-	-	-	-
3.	“Urip kuwi pancen pilihan, ananging awake dhewe ora bisa milih ing ngendi awake dewe lair apa mati. ... Mula kabeh pilihan urip mbutuhake pikiran sing ening lan wening.”	2	✓	-	-	-	-	-
4.	“Iya, Ndhuk. Amung iki sing isa Budhe tindakake. Biyen ibumu wis nulung Budhe. Lha	41	✓	-	-	-	-	-

	saiki genti Budhe sing nulung kowe.”							
5.	“Bapak menika mboten pantes sinebat priyayi agung. Bapak sampun nyelaki wayahipun Bapak piyambak. ...”	131	✓	-	-	-	-	-
6.	Priyayi kok ora duwe ati!” celathune Budhe Marni.”	131	✓	-	-	-	-	-
7.	“Wis orasah kok pikir bab kuwi. Kowe tetep sekolah tekan dhuwur. Paling ora tekan SMK supaya bisa kanggo sangu uripmu. Sokur-sokur bisa kuliah. Sesuk mesthi ana dalan. Tenangna pikirmu ya, Ndhuk.”	41	-	✓	-	-	-	-
8.	“Wis, Ndhuk! Aja dipikir dhisik! Sedhela maneh kowe arep ujian. Sing wigati kowe sinau dhisik sing sregep. Prekara nggoleki Ibumu sesuk manawa kowe wis lulus, kepriye ndhuk? Kanaya manthuk maneh.	47	-	✓	-	-	-	-
9.	“Ssst... awake dhewe isih cilik, Ri. Luwih becik mikir sinau wae supaya pinter”	65	-	✓	-	-	-	-
10.	“Tut., sinau dhisik sing bener, ora sah mikir sing aneh-aneh. Ibu kepingin kowe kabeh dadi wong sing kasil.”	113	-	✓	-	-	-	-

11.	“Wis.. wis.. ora sah padha rame! Manawa rame kapan mengko rampunge? Wis ta, Jun. Kowe gek enggal nggambar wujud omah joglo ing kertas karton kuwi! Kareben bisa enggal dakkethok lan dilem.”	80	-	✓	-	-	-	-
12.	“... Ananging kula mireng saking sruwing-sruwingipun tanggi sakiwa tengen dalemipun Pak Tomo, Mbak Ratna dipuntundhung kesah amargi Mbak Ratna sampun damel wirang mbak. Ngendhikanipun para tanggi, Mbak Ratna sampun ngandheg saderengipun ningkahan. Lajeng lare jaleripun kala wau mboten purun tanggel jawab. ...”	118	-	-	✓	-	-	-
13.	“Kula menika mbokmanawi angsal murka saking Gusti. Angsal ukum karma. Rumiya kula sampun diparingi anak nanging malah kula siya-siya mboten kula openi. Lha samenika gentos anak kula ingkang nyiya-nyiya kula. Lali marang ibune.”	143	-	-	✓	-	-	-
14.	Sejatine tuwuh rasa ora seneng	144	-	-	✓	-	-	-

	marang wanita sing lungguh ing sacedhake mau amarga wis tega ninggalake anake. Apa dheweke ora ngrasakake kepriye larane anak sing ditinggal ibune? Rumanga ora dikarepake.							
15.	“Lha sing ngancani banjur sapa, Pak? Jian melas temen Kanaya, bocah isih cilik. Gek ora duwe sanak kadang je. Bapake ya ora ngenah sisan.” Mbak Rini urun gunem maneh.	20	-	-	✓	-	-	-
16.	“... Bu Tomo saha putranipun ingkang jaler-jaler sami manut kaliyan Pak Tomo kepara malah ajrih. Para putra ingkang jaler samenika sedaya dados pulisi. Panci kawit rumiyin menika Pak Tomo nggadhahi gegadhangan sedaya putranipun dados pulisi. Pramila Pak Tomo anggenipun ndhidhik para putra kanthi disiplin. Saged dipunwastani keras ...”	117	-	-	✓	-	-	-
17.	“Walah mesakke tenan, ibu apa kuwi, tega mateni anake. Kewan wae ora kaya ngono. Coba dakmelu maca, Pak. Endi ariwartine!”	39	-	-	✓	-	-	-

18.	“... Enget Pak, sato kewan kemawon mboten badhe nilar anakipun. Lha menika, panjenengan malah selak boten nganeki. Mboten menapa-manapa Pak. Kula ingkang badhe nggulawentah lare menika manawi panjenengan boten ngakeni Wis ayo, Ndhuk bali wae! Ora sah mikir kaluwargamu maneh. Aku iki kaluwargamu.”	130	-	-	✓	-	-	-
19.	“Huush...! Ora pareng matur kaya ngono. Manungsa kuwi mung sadrema nglakoni apa sing dadi kersane Gusti. Kowe kudu pasrah sumarah marang Gusti kang Maha Kuwasa. Ndedonga, manembah, manekung, nyenyuwun marng Gusti supaya kersa paring kasarasan marang ibumu.”	33	-	-	-	✓	-	-
20.	“... Ibu ora kepingin pisah karo kowe. Nanging titah kuwi mung sadrema nglakoni apa sing dadi pepesthene Gusti, awake dhewe ora ngerti apa sing dadi kersane Gusti. Mula awake dhewe kudu tansah ndedonga lan pasrah sumarah,	35	-	-	-	✓	-	-

	narima ing pandum.”							
21.	Sejatine Mbak Marni ora tega nggugah bocah mau, ananging Mbak Marni tetep nggugah bocah-bocah mau saperlu ngajak salat subuh.	42	-	-	-	✓	-	-
22.	Wis ayo padha salat, wis wayah Maghrib!” Budhe Marni ngajak bocah-bocah padha salat.	49	-	-	-	✓	-	-
23.	“... Sanajan uripe Budhe Marni ya sarwa kekurangan nanging Budhe Marni percaya manawa Gusti ora sare...”	47	-	-	-	✓	-	-
24.	“Wis, Ndhuk. Gusti Allah kuwi ora sare. Mesthi wae ana piwales marang wong-wong sing wis tumindhak duraka,”	134	-	-	-	✓	-	-
25.	Rampung anggone masak mie, sakaluwarga banjur padha maem bebarengan. Katon rukun lan nyenengake sanajan sing dimaem ya mung prasaja. Pancen kabagyan kuwi ora mung didelok saka akehe bandha donya, ananging uga bisa saka guyub rukuning kaluwarga.	62	-	-	-	-	✓	-
26.	“Ibu lagi tindakan, manawa bapakku lagi makarya. Ya kaya ngene Nay. Omahku pancen	116	-	-	-	-	✓	-

	sepi. Mulane aku seng manawa kowe dolan nang omahku”.							
27.	Mbak Marni lemes krungu ngendhikane Dhoter Daru. Pikirane werna-werna. Dheweke bingung kepriye nasibe Kanaya? Sapa sing arep bayar bea rumah sakite Bu Yati? Mbak Marni dhewe sejatine amung wong sing biyen nyewa ing kontrakane Bu Yati.	24	-	-	-	-	✓	-
28.	“... Saliyane kuwi tes DNA kuwi ora gampang. Butuh wragad gedhe, lan mesthi uga ruwet.”	134	-	-	-	-	✓	-
29.	“Wong kuwi mung sawang-sinawang kok, Tik. Manawa bisa wae aku malah kepingin kaya kowe, ora nyambut gawe nanging bisa mangan enak, tetep ayu, bisa blonja-blonjo kaya <i>sosialita</i> . Kuwi sing diarani M3.”	150	-	-	-	-	✓	-
30.	Kanaya luwih milih numpak becak sing digenjot.	147	-	-	-	-	-	✓
31.	“Wah.. kaya ngene iki ta kamar ing hotel bintang lima kuwi. Mlebu wae ora nganggo kunci, mung nganggo alat apa kuwi, embuh ora ngerti anggone	163	-	-	-	-	-	✓

	ngarani. Uapik tenan ya,” ngendhikane Pak Edi gumun banget							
32.	Dheweke wis ora krasan manggon ing Jakarta, kutha gedhe kang krasa panas.	178	-	-	-	-	-	✓